ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№131 (22.539) • 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 10, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэр нэхъ зэІухауэ лажьэ унафэщІхэм ящыщщ

БлэкІа мазэм кърикІуахэм япкъ иткІэ, Къанокъуэ Арсен Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм я унафэщІхэм ящыщу етІуанэ увыпІэр иубыдащ информацэм и Іэнатіэм зэрыдэлажьэмкІэ. Апхуэдэу абы 59-нэ увыпІэм щригъажьэри ебгъуанэ увыпІэм нэсу дэкІуеящ нэхъ зэІухауэ лажьэ губернаторхэм я рейтингымкІи.

Мэзэгуэгъуэ мазэм кърикІуа апхуэдэ бжыгъэхэр кьытрыригъэдзащ Мониторингымкіэ лъэпкъ къулыкъущІапІэм.

КЪБР-м и Правительствэм щыщу экономикэм сегъэщІылІаХэр къыригъэблагъэри, КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен тепсэлъыхьащ бюджет Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм яхуэщІыгъуным ныщІа Іуэхуэхэм.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ абы яхуиПъуващ «Къэрал социальнэ политикэр пхыгъэкІынымкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм ятеухуауэ», «2012 - 2017 гъэхэм сабийхэм я сэбэпхэр пхыгъэкІынымкІэ лэжьыпхъэхэм я лъэпкъ стратегием и Іуэхуэкіэ», «Сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжу къэна сабийхэм ящащхьэщыжьымкІэ къэрал политикэр гъэзэщІэным ехьэлІауэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм я Іуэхуэкіэ» Урысей Федерацэм и Президентым и указхэр гъэзэщІэным адэкІи елэжьыну, апхуэдэу КЪБР-м и бюджет Іэнатіэм хиубыдэ къэрал, муниципальнэ Іуэхуэщ1апІэхэм я лэжьакІуэ гуп щхьэхуэхэм я улахуэхэм хэгъэхуэныр кьыдэгащІэпэщыну. Дызэрыт илъэсым и кІэуэхым ирихьэлІэу курыт еджапІэхэм я егъэджакІуэхэм я улахуэр сом 17610-м, зи школ кІуэгъуэ мыхьуахэр зэкІуалІэ щагъасэ Іуэхуэщ1апІэхэм я педагогхэм я улахуэр сом 16345-м, Іэщ1агъэхэр щрагъэуэт пэщІэдзэ, курыт еджапІэхэм Іэщ1агъэхэм щыхуезыгъаджэхэмрэ мастерхэмрэ, сабийхэм щІэныгъэ гъэдэкІ щрагъэгъуэт Іуэхуэщ1апІэхэм я педагогхэм, сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щІэмытыжь къэна сабийхэм социальнэ, медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІыжь, ахэр щрагъадзэ Іуэхуэщ1апІэхэм я педагогхэм я улахуэр сом 13200-м, щэнхабзэ Іуэхуэщ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэр сом 10557-м, дохутырхэм я улахуэр сом 22840-м, социальнэ лэжьакІуэхэм, медицинэ Іуэхуэщ1апІэхэм я социальнэ лэжьакІуэхэм я улахуэр сом 8981-м, медицинэ лэжьакІуэ нэхъыщІэхэм (медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ Іэмалхэр къызэзыгъэпэщ лэжьакІуэхэм) я улахуэр сом 8822-м, курыт медицинэ (фармацевт) лэжьакІуэхэм (медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ Іэмалхэр къызэзыгъэпэщ лэжьакІуэхэм) я улахуэр сом 13313-м, медицинэ Іуэхуэщ1апІэхэм я лэжьакІуэхэу медицинэ (фармацевт) щІэныгъэ нэхъыщхьэ я егъэуэщІ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэм икІи медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІхэм (медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр къызэпэщхьэм) я улахуэр сом 22840-м нэсын хуейщ.

А къалэнхэр тэмэму гъэзэщІа хьун папщІэ КЪБР-м и Іэтащхьэм къигъэуэва пщэрылъым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм дэтхэнэ Іэнатіэмэ, дэтхэнэ бюджет Іуэхуэщ1апІэмэ зэман гъунэгъум къыриубыдэу ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэ пыуыкІаХэр иубыхуащ. А Іуэхуэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ 2013 гъэм республикэ бюджетым сом 1 мелардрэ мелуан 319-рэ щыхухахащ, а ахьышэм иджыри сом мелуан 371-м щІигъу щІагъэжьну я мурадщ.

УФ-м и Президентым и указхэм япкъ иткІэ щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ органхэм чэнджэщ ираташ сабийхэм щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт муниципальнэ еджапІэхэм я педагогхэм, щэнхабзэмкІэ муниципальнэ Іуэхуэщ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэхэри зэрахуэфащІкІэ кьаІэтащ.

ЗэІуэщІэм апхуэдэу щыхэпльащ КЪБР-м и республикэ бюджетыр 2013 гъэм и япэ мазихым зэрагъэзэщІам. Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ кьуэдзэ **Марьяш Иринэрэ** финансхэмкІэ министр **Мурат**рэ КЪБР-м и Іэтащхьэр щыгъуазэ ящІащ бюджетым и хэщІхэр тКІийуэ зэрызэрагъэзахуэм, бюджет ахьышэ псом япэу социальнэ къалэнхэр зэфІэгъэкІынымрэ лэжьапщІэр тынымрэ зэрытрагъэкІуадэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщ1апІэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Бюджет Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм хущІагъу

УФ-м и Президентым и указхэм ящыщу Къэрал унафэщІ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я улахуэр сом 8981-м, медицинэ лэжьакІуэ нэхъыщІэхэм (медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ Іэмалхэр къызэзыгъэпэщ лэжьакІуэхэм) я улахуэр сом 8822-м, курыт медицинэ (фармацевт) лэжьакІуэхэм (медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ Іэмалхэр къызэзыгъэпэщ лэжьакІуэхэм) я улахуэр сом 13313-м, медицинэ Іуэхуэщ1апІэхэм я лэжьакІуэхэу медицинэ (фармацевт) щІэныгъэ нэхъыщхьэ я егъэуэщІ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэм икІи медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІхэм (медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр къызэпэщхьэм) я улахуэр сом 22840-м нэсын хуейщ.

А къалэнхэр тэмэму гъэзэщІа хьун папщІэ КЪБР-м и Іэтащхьэм къигъэуэва пщэрылъым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм дэтхэнэ Іэнатіэмэ, дэтхэнэ бюджет Іуэхуэщ1апІэмэ зэман гъунэгъум къриубыдэу ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэ пыуыкІаХэр иубыхуащ. А Іуэхуэхэм

Путин Владимир жьыщхьэ махуэхэм йохъуэхъу

● Бахъсэн щІыналъэ

Дызэрыт мазэр къызэрыунэхъуа Путин Владимир и Іуэхуэхъу тхыгъэхэр кьаІэрыхьащ Бахъсэн районым щыпсэу нэхъыжьхэм ящыщу 12-м.

УФ-м и Президентыр Уэзэрхъу ПІатІ ХьэтІутІэ и пхъум (Ислъэмей къуажэ) илъэси 110-рэ, Куп Мэржан Цацу и пхъум (Зеикъуэ къуажэ) илъэси 100, Къаздэхъу Хужь ФІыцІэ и пхъум (Ислъэмей къуажэ), Пщылпэ Жанпатуэ Нэіиб и пхъум (Ислъэмей къуажэ), Хъуран Цацу Астемыр и пхъум (Кыщтэк къуажэ), Беслъэней Цацу Астемыр и пхъум (Псыхъуерей къуажэ), Бэлагъы Кулисум Жэмал и пхъум (Къулъхъужьи Ищтэ къуажэ), Уэртэн ФатІимэт Зубер и пхъум (Къулъкъужьи Ищтэ къуажэ), Сыжажэ КІулэ Іэюб и пхъум (Зеикъуэ къуажэ), Беслъэней Цацу Астемыр и пхъум (Псыхъуерей къуажэ) и пхъум (Кыщтэк къуажэ), Бэлагъы Кулисум Жэмал и пхъум (Къулъхъужьи Ищтэ къуажэ), Къумыкъу Къарэкуэ Хьид и пхъум (Зеикъуэ къуажэ) илъэс 95-рэ, Архатгъэ Зулижан Толэ и пхъум (Псыхъуерей къуажэ), Бэлагъы Кулисум Жэмал и пхъум (Къулъхъужьи Ищтэ къуажэ), Сыжажэ КІулэ Іэюб и пхъум (Зеикъуэ къуажэ), Беслъэней Цацу Астемыр и пхъум (Псыхъуерей къуажэ) и пхъум (Кыщтэк къуажэ) илъэс 90 зэрырикъумкІэ къьсэхъуэхъуащ.

УФ-м и Президентым и хуэхъуэ тхыгъэхэр юбилярхэм иратыжащ Бахъсэн муниципальнэ районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ Къаздэхъу Олег, къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм, «Урысей зэкъуэт» партым и лІыкІуэхэм.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

ЕГЭ-м и Іыхьэ нэхъыщхьэм кърикІуахэр

● Егъэджэныгъэ

КЪБР-м и Къэрал экзамен комиссэм и зи чэзу зэІуэщІэм щыхэльащ 2013 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменым и Іыхьэ нэхъыщхьэм республикэм къыщрикІуам. Зэхуэсыр къыдэІуихащ икІи ригъэкІуэкІащ КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкІэ и министр Семэн Пщыкъан.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, курыт школыр 2013 гъэм къэзыуха ныбжьыщІэ 6693-м я ящыщу къэрал къэпщытэныгъэм кІуэцІрыкІащ щыхуэ 6592-рэ. ЕГЭ-хэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, мыгъэрей экзаменхэмкІэ ныбжьыщІэхэм ику иту къьахьа балдзэр хуокІуэ нэгъабзрейхэм, уеблэмэ язныыкъуэ предметхэмкІэ нэхъ инщ. Математикэмкіэ ику иту къьхьащ балл 55,3-рэ, урысыбзэмкІэ - 60,1-рэ. Балл 90 е нэхъыбэ я предметхэмкІэ къьхьащ щыхуэ 94-м.

ЕджакІуэхэм къыхаха экзаменхэм ящыщу нэхъыбІу ятащ химиер. АбыкІэ ныбжьыщІэ куэдым балл инхэр къьхьащ, зыхуеину балл бжыгъэм имысыфам къьхэкІьакъым. Апхуэдэу къэрыныжу ятащ информатикэмкІэ экзаменыр. Нэгъабзрэйм еплъытмэ, ар ику иту балли 10-кІэ нэхъыбэщ. Хабзэ зэрыхъущІи, ди еджакІуэхэм фІы дыдэу ят биологиемкІэ экзаменыр. Мы гъэм абыкІэ къьхьащ ику иту балл 66,1-рэ (2012 гъэм - 60,6-рэ). ЕджакІуэхэм тхыдэмкІэ мы гъэм ику иту къьхьащ балл 59,1-рэ (2012 гъэм - 55,4-рэ).

Семэн Пщыкъан и гуапэу къыхигъэщащ ипэкІэ зэи къэмыхъуауэ зэрыкъуэкІуэ информатикэмкІэ балли 100 ди школакІуэхэм ящыщ Къамбий Заур къызэрихьар. «А щІалэм и ехьулІэныгъэм дэ псори дрогушхуэ», - жиІащ абы.

Ахэр зэкІэ ЕГЭ-м и Іыхьэ нэхъыщхьэм къарикІуахэращ. Къэпщытэныгъэр зэрызэфІэкІам нэсу щытепсэлъыхьыжьащ абы и етІуанэ Іыхьэр, иджыпсту екІуэкІыр, иухэмщ.

НЫБЭЖЬ Танэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ нэхъ зэІухауэ лажьэ унафэщІхэм ящыщщ

БлэкІа мазэм кърикІуахэм япкъ иткІэ, Къанокъуэ Арсен Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм я унафэщІхэм ящыщу етІуанэ увыпІэр иубыдащ информацэм и Іэнатіэм зэрыдэлажьэмкІэ. Апхуэдэу абы 59-нэ увыпІэм щригъажьэри ебгъуанэ увыпІэм нэсу дэкІуеящ нэхъ зэІухауэ лажьэ губернаторхэм я рейтингымкІи.

Мэзэгуэгъуэ мазэм кърикІуа апхуэдэ бжыгъэхэр кьытрыригъэдзащ Мониторингымкіэ лъэпкъ къулыкъущІапІэм.

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Хьэрычэтыщ1эхэм зэран яхуэхъун хуейкъым

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щриІэкІыжьащ ещанэ пленар зэІуэщІэр республикэм и Іэтащхьэри кърикъэлІащ. ЗэІуэщІэр тёухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ къурытхэмрэ зыщегъэужьыным.

ЖЫЛАГЪУЭ палатэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан** ищІа докладым къыщигъэлъэгъуащ хьэрычэт Іэнатіэ мыиным зегъэужьынымкІэ зэран хьу Іуэхуу кьэралым щыІэкэр. Абыхэм ящыщщ ахъшэ щыхуэ къэщтаным пыщІа гугъуехьэр, кредитхэм ахъшэшхуэ зэрыщыхьэщатыкІыр, налогхэр зэрыныр, Іэнатіэ цыкІухэм я продукцэр рынокым зэрыщыщэблэгъэкІыгъуэйр, Іэщ1агъэ нэс зиІэ лэжьакІуэхэр зэрымащІэр, апхуэдэу административнэ лъэпощхьэпохэри зэрымымащІэм. Къапщтэмэ, Пенсэ фондым хальхьэ взнос пыуыкІаХэр 2013 гъэм щыщылэм и 1-м щегъэжьауэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ зэращІам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закъуэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэу мини 3,5-м щІигъум ягъэлажьэ Іэнатіэхэр зэхуащІыжьын хуейр хьуащ.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Мусуков Алий** тепсэлъыхьащ «2012 - 2015 гъэхэм КЪБР-м хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зыщегъэужьныр, абыхэм ядэІэпыкъуныр» республикэ программэ хэхар зэрагъэзащІам. А программэм кьащтэным япэкІэ, 2007 - 2012 гъэхэм, Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ кьызэІуэзыхэ хьэрычэтыщІэхэм ядэІэпыкъуным бюджет ахъшэу сом 1 мелардрэ мелуан 340-рэ трагъэкІуэдащ, абы щыщу федеральнэ бюджетым сом мелуан 917,3-р къуитІ щащ.

● КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

Бизнес мыинымрэ курытымрэ я Іуэхуэхэр зэблэзыгъэкІ закон лъабжьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщрагъэфІэкІуам и гугъу ищІащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан.**

Пленар зэІуэщІэм апхуэдэу кьыщыпсэльащ Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щыІэ **Пархоменкэ Юлие,** Шэрдэж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Темирханов Махьтэ,** прокуратурэм и следователь нэхъыжьэ **Хьуэ Тимур,** УФ-м и Хьэмапіэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІм и кьудзэ **Тутыкъу Мурат** сымэ.

Къанокъуэ Арсен зэІуэщІэм хэтахэм я пащхьэ кьыщыщыпсалъэм кьыхигъэщхьэхуэкІащ хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэм зегъэужьныр экономикэм и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр икІи республикэм и унафэщІхэм абы гулъытэ хэха зэрыхуащІыр. «Нэгъабэ Урысейр Дуней-псо сату зэгухьэныгъэм ихьыбащ икІи къэралым и экономикэр хабзэщІэхэм ззэгъэуу зэтедгъэувэн папщІэ ильэси 7 диІэу аращ. Ди республикэм и экономикэм и лъабжьэр, ар кьыдэзыхьыжьну дызыщыгугъыр мэхьумэзш хозяйствэрщ. Мы Іэнатіэм зэхъуэкІныныгъэ куэд кьыщыхъуащ, псом хуэмыдэу жыг хадэхэр гъэкІыным зиужьащ. Сэ щэч кьытехьэрщ къыщыдгъэкІ ныкъуэ пхъэщхьэмыщхьэ къьэхьэлІэныкъэм къэралым пэрыт увыпІэ зэрыщыдубыдыным. Абы папщІэ ди деж щыхасэну жыг щІыщІэхэр дэтхэнэмк ервэу 6 етІуэ Италием кьидмышу ди питомникэм щыдгъэкІын хуейщ ервэу 2 нэхъыбэ тедмыгъэкІуадэу», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен кьыдэзыльытэмкІэ, Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм и хабзэхэр нэхъ зэран зыхуэхъункІэ хъунур кьуажэ лэжьакІуэхэрщ. Абы кьыхэкІыу властым и органхэм я кьалэнщ мэхьумэшыщІэхэм я зэфІэкІыр кьэІэтыным гулъытэ хэха хуащІыну. Дзытхэнэ зэпеуэми щынэхъыщІэхэр щІыхуэм и ешгулъытэ ныгъэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр ижь-ижьыжь ящІэнтэрэ зэрыжиІамкІэ, театрым и унафэщІыр зэрызэрахъуэжІыр псоми тельыджэ ящыхъуащ. «Гъэ лэжьэгъуэр иджыри ихакъым, сыт апхуэдизу щІепІэщІэкІар?», - щІоупщІэ ар.

Гъавэр къыІэзэрыІахьынум хуэхьэзырщ

Гъавэ кьеІыхьэ предприятэу, склад зэмылІэужьыгъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэхэм гъавэхэкІыу тонн мин 500-м щІигъу щІэхуэнущ.

АХЭР псори иджыпсту хуэхъэзырщ хьэцэнцэмрэ джэшхэкІхэмрэ кьызэрыІахьынум.

Республикэм щагъэкІа бжьыхьэсэ гъавэм и процент 25-р зэщІакъуэжащ. Гектар мин 20-м щІигъум псори зэхэту кьытрахащ гъавэ тонн мин 57,5-рэ.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхуэщ1апІэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зым и зэран щэм йокІ

Пугачев къалэм и полицэм и фІыщІэкІэ и чэзум кьызэтегъэувыІа хуэащ Кавказым икІаХэр щызэхуэхъ кафем мафІэ щІадзэнщ.

Бадзэуэгъуэм и 8-м щІыхуэщэм изблагъэ зыхэт гупыр Пугачев и ищхьэрэ-кьуэхьэпІэ хьэблэм кІуащ. Абыхэм ябзыщІыртэкъым «Хьэтэл» щхапІэр ягъэсеину зэрамурадыр. АрщхьэкІэ хабзэхъуэмэхэм ахэр щІрагъэгъуэжащ.

Пугачев щытыкІэр щызэщІэплащ бадзэуэгъуэм и 6-м и жэщым «Дыщэ фэндыр» кафем Шэщэным икІам дзэм кьикІыжа десантник Маржанов Руслан щІиуКІыхьа нэхъжь. Маржановыр зэрыщІалъхьэу бадзэуэгъуэм и 7-м Пугачев и гуныку нэхъыщхьэм щІыхуищэ зыбжанэ щызэхуэсащ. Властхэм яхуэзэфІэкІащ ахэр зэтраубыдэн.

Бадзэуэгъуэм и 8-м щІыхуэр аргуэру зэхуэсащ. Абыхэм яхэтт десантыдзэхэм ящыщхэри.

Саратов областым и губернатор Радаев Валерий кьызэхуэсахэр кьигъэгугъащ щІыхуэ зыукІам тезыр тКІий тральхьэну.

Хэт егъэхъуанщэ, хэтн кьыдощІ

«Федерал Пресс» РИА-м кьызэриІатмкІэ, «Урысей зэкъуэтым» и Москва къудамэм и секретарь Белых Иринэ жиІащ партыр Навальный Алексей муниципальнэ лъэпощхьэпохэм щхьэхухьынымкІэ зэрыдэІэпыкъуар. Арщхьэкіэ оппозицэм щыІэм и хэхакІуэ штабым щыщхэм ар яшІэркъым.

Навальный Алексей и штабым и унафэщІ Волков Леонид езым и микроблогым иритхащ: «Белых Иринэ гуэрым иджы жеІэ Навальнэм папщІэ муниципальнэ депутати 110-м Іэзэградзахэр зэхуихьэсауэ. Абы дэ сытКІэ ди Іуэху хэлъ?»

Навальный Алексейр хьэрычэтыщІэ Офицеров Петрр «Кировмэш» Іуэхущ1апІэм мылъку кьыщадыгъуауэ ягъэкъуаниш. Прокуратурэм къегъэув абыхэм тезыру ильэси 6-рэ мази 5-рэ тральхьэну. Мы Іуэхум теухуа унафэ район судым кьыщтэнущ бадзэуэгъуэм и 18-м.

Пэмыплъэхъауэ

Гъубж кІуам Къэрал Академие Театр Иным щыжьащ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ нэхъыщхьэ Иксанов Анатолий и кьулыкъум зэрытрагъэжІыр икІи абы и щІэ Хрин Владимир зэрыригъувэнур. Иужьрейр нэхъапэм джьащ Станиславскэмрэ Немировичданченкэрэ я цІэр зезыхьэ макъамэ театрым и Іэтащхьэу.

◆ КЪБР-м КъШР-м щІыхь зиІэ я артисткэ **Шэрджэс Іэсинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Зыгъэхъэзырыр ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іуащ1ыгъэ:

Гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ.

◆ Петр Езанэм и унафэм щІэту урысыдзэр Полтавэ и деж шведэм щатекІуа махуэщ (1709).

◆Илъэс 95-рэ и пкІэ (1918) Советхэм я Ётхуанэ Урысейпсо съездым РСФСР-м и Конституцэр - Совет къэралым и яп Конституцэр - кьищтащ.

◆Илъэс 95-рэ и пкІэ (1918) кьалъхуащ иджелІыз тхаІуэ, публицист **Олдридж Джеймс,** «Лъэпкъым яку дolь мамырыгъэр зэриІэбыдам папщІэ» Ленин саугъэтым и лауреатыр.

◆СССР-м и цІыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Лемешев Сергей** (1893 - 1973) кьыщалъхуа махуэщ.

◆ 1922 гъэм кьалъхуащ КъШР-м и цІыхубз тхаІуэ, Абхъазым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэмфэн Алим.**

◆1931 гъэм кьалъхуащ УФ-м щІыхь зиІэ и юрист **Щоджэн Гэбу.**

◆ 1935 гъэм кьалъхуащ КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, СССР-м и спортым бэнэкІэ зэмылІужьыгъуэхэм-кІэ и мастер **Къуэдзокъуэ Анатолэ.**

◆ КъБР-мкъШР-мщІыхь зиІэ я артисткэ **Шэрджэс Іэсинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Джхэуэн республикэхэм

Льахэм кьагъэзэж

АБХЪАЗ. *Заур щекІуэкІ Сирием къикІыжри, Абхъазым щІыхуи 114-рэ къэкІуэжащ.*

ХЭКУМ къызыгъэзэжа я лъахэгъуэхэм Сочэ зэропортым щаІуащІащ республикэм изгъэущІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министрым и къуэдзэ Хинтбэ Ираклий, Парламентым и депутатхэу Гунбэ Дмитрий, Харазие Саид, Іэпхъуэщапхъуэ Іуэхумкіэ къэрал комитетым и къудамэм и унафэщІ Лазбэ Джансэхъу сымэ. Сирием къикІыжахэр автобусхэмкІэ Гудаутэ я кьалэм яшэри, «Черноморец» пансионатым зэкІэ щІагъэзэгъащ.

Венесуэлэм и президентыр ирагъэблагъэ

Анкваб Александр Венесуэлэм и президентыр Абхъазым ирегъэблагъэ.

2013 ГЪЭМ бадзэуэгъуэм и пэщІэдзэм Чавес Уго и фэеплъ пшыхьу Мэзкъуу щекІуэкІам хэтащ лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ Урысейм щыІэ, Венесуэлэм и президент Мадурэ Николас. Абы ирихьэлІащ Абхъазым и лІыкІуэу УФ-м щыІэ Ахбэ Игорь икІи республикэм и президент Анкваб Александр зэрыригъэблагъэр Мадурэ жриІащ. Иужьрейм ар гуапэ щыхьуащ икІи имыгъэгубэу къызэрыкІуэнумкІэ хъыбар кьаригъэщІащ.

Мажейкэ Кипрас Мейкъуанэ щохьэщІэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Іэтащхьэр хуэзащ телевидением, радиомрэ печатымкІэ дунейпсо Евразие академием и вице-президент Мажейкэ Кипрас.*

АДЫГЕЙМ и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий мэрем кІуам яхуэзащ «Адыгэ Республикэм щыпсэуэхэр зэкъуэсэу гъэсэн», зэман кІыхьым тещІыхьа программэм инкІэ иткІэ, щІыналъэм щекІуэкІ пресс-турым щрихьэлІахэм. ЗэІущІэм хэтащ журналистхэм мастерклассэр ядригъэжьІуэкІыну Адыгейм къэкІуа, телевиденэм, радиомрэ печатымкІэ дунейпсо Евразие академием и вице-президент Мажейкэ Кипрас, щІыналъэ СМИ-хэм я унафэщІхэр, журналистхэр.

«Кавказ Ищхьэрэр гулъытэ щхьэхуэ зыхуэщІыпхьэ щІыналъэщ. Лъэпкъхэм я зэхущытыкІэр хэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэ нэхъыщхьэщ икІи абы егупсысауэ бгъэдыхьэн хуейщ», - жиІащ вице-президентым, и Іуэху ептыкІэхэр кьыщигъэльагъэр.

УЭРДОКЪУЭ Женэ.

«2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм накъыгъэм и 30-м
№1572-П-П

2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2013 гъэм накъыгъэм и 30-м

1 статья. 2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкIэ - республикэ бюджетщ) гъэзэщIа зэрыхъуам теухуа отчетыр къэщтэн хэхъуэхэмкIэ сом мин 21688 191,6-рэ, абы щыщу ямыпшыныжыну къаIэрыхьар сом мин 13719163,5-рэ, хэщIхэр сом мин 21.650.354,0-рэ хъууэ, хэщIхэм нэхърэ хэхъуэхэр (республикэ бюджетым и профицитыр) сом мин 37837,5-рэ хъууэ, мы къыкIэлъыкIуэхэм хуэдэу:

бюджет хэхъуэхэр зэрызэхагъэкI кодхэмкIэ 2012 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр мы Законым и гуэдзэн №1-м зэритым хуэдэу;

хэхъуэхэм я лIэужьыгъуэхэм я кодхэмкIэ, бюджетым и хэхъуэхэм хиубыдэу къэрал управленэм и IэнатIэм зэблигъэкIахэм я зэхэлъыкIэмкIэ 2012 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр мы Законым и гуэдзэн №2-м зэритым хуэдэу;

республикэ бюджетым и хэщIхэр ведомствэхэм ятещIыхьауэ зэрызэхэлъымкIэ 2012 гъэм республикэ бюджетым и хэщIхэр мы Законым и гуэдзэн №3-м зэритым хуэдэу;

бюджетхэм я хэщIхэр зэрызэхадз разделхэмрэ раздел къуэдзэхэмкIэ 2012 гъэм республикэ бюджетым и хэщIхэр мы Законым и гуэдзэн №4-м зэритым хуэдэу;

бюджетхэм яхуримыкъу а ахъшэм и хэкIыпIэхэр зэрызэхадз кодхэмкIэ 2012 гъэм республикэ бюджетым хуримыкъу ахъшэм и хэкIыпIэхэмкIэ мы Законым и гуэдзэн №5-м зэритым хуэдэу;

бюджетхэм яхуримыкъу ахъшэм и хэкIыпIэхэм яхуэгъэзауэ къэрал управленэм и IэнатIэм зэблигъэкIахэм я зэхэлъыкIэр яхуримыкъу ахъшэм и хэкIыпIэу щыт статьяхэм я кодхэмкIэ 2012 гъэм республикэ бюджетым хуримыкъу ахъшэм и хэкIыпIэхэр мы Законым и гуэдзэн №6-м зэритым хуэдэу.

2 статья. Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№47-РЗ

«Лирикэ» хущхъуэ лIэужьыгъуэр рецептыншэу щащэ къэмыгъэхъунымкIэ пIалъэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм куэдрэ ущрохьэлIэ медицинэ Iуэхум пымыщIауэ «Лирикэ» хущхъуэ лIэужьыгъуэр зыубгъуауэ къагъэсэбэпу. Псом хуэмыдэу егъэгузавэ а хущхъуэгъуэм хэхауэ балигъ мыхъуахэр зэрыдихьэхым. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, наркотикхэм ятхьэкъуахэм ящыщу опиум лIэужьыгъуэм дихьэххэм я зэхуэдитIым щIигъум «Лирикэ» хущхъуэр зрахьэлIэ.

А псоми япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Лирикэ» хущхъуэ лIэужьыгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм рецептыншэу щащэну хуимыту гъэувын.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и аптекэ IуэхущIапIэхэм яхуэгъэувын цIыхухэм «Лирикэ» хущхъуэ лIэужьыгъуэр я куэдагъымрэ зэхэлъыкIэмкIэ учет ящI хущхъуэхэр зэращэ хабзэм тету щэныр къызэрагъэпэщыну.
3. Къэрал къэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкIыну полномочиехэр зиIэ органхэм чэнджэщ етын къэралым зезымыгъэтха цIыхухэм е хэхауэ хуитыныгъэ (лицензэ) зимыIэхэм «Лирикэ» хущхъуэ лIэужьыгъуэр щащэ къамыгъэхъуну.
4. Мы Унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIмэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№1627-П-П

Акционер зэгухьэныгъэхэм я акцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хыхьэхэр зэрызэрагъакIуэм, апхуэдэу акционер зэгухьэныгъэхэр зехьэным хэтынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIэ хуитыныгъэ хэхар («дыщэ акцэр») къызэрагъэсэбэпым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 18-м №165-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Акционер зэгухьэныгъэхэм я акцэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хыхьэхэр зэрызэрагъакIуэм, апхуэдэу акционер зэгухьэныгъэхэр зехьэным хэтынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIэ хуитыныгъэ хэхар («дыщэ акцэр») къызэрагъэсэбэпым теухуа Положенэу мы Унафэм щIыгъур къэщтэн.
2. Къару ямыIэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкIэлъыкIуэхэм:

«акционер зэгухьэныгъэ зэIухахэм я унафэщI органхэмрэ къэпщытакIуэ комиссэхэмрэ КъБР-м и лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэ икIи зэрыщылажьэ хабзэм и IуэхукIэ» 2000 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м №274-м щIэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2000 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м къыдигъэкIа Унафэ №274-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м №64-ПП-м щIэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХЬЭСАНЭ Руслан

2013 гъэм, апхуэдэу 2014, 2015 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ инвестицэ программэ пыухыкIам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м №171-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

2013 гъэм, апхуэдэу 2014, 2015 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ инвестицэ программэ пыухыкIам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм щIышылэм и 14-м къыдигъэкIа Унафэ №15-ПП-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн икIи «Капитальнэ ухуэныгъэм», лэжьыгъэм (инвестицэ проект нэхъ иным), ямыгъэIэпхъуэ мылъкум зэреджэр» графам и 60-нэ сатырым хэт «Налшык къалэ округым курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и школ №31-м унэ къыгуэщIыхьыныр» проект-сметэ документацэ гъэхьэзырыныр» псалъэхэр зэхъуэкIын «Майскэ къалэ жылагъуэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэу сабий 80 зыщIэхуэн дэщIыхьыныр» проект-сметэ документацэр гъэхьэзырыныр. Май муниципальнэ район» жиIэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХЬЭСАНЭ Руслан

2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIынымкIэ зыхуэплъэхэмкIэ планым (программэм) теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м №176-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIыным и IуэхукIэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №49-РЗ-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIынымкIэ зыхуэплъэхэмкIэ планыр (программэр) къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкумрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэм (Тонконог А.В.) хуэгъэувын 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щIынымкIэ зыхуэплъэхэмкIэ планыр (программэр) щыIэ хабзэхэм тету гъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну.
3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Марьяш И.Е.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХЬЭСАНЭ Руслан

• Фэеплъ

Миронов Игорь, Малкаров Аслъэн, Къумахуэ Мухьэдин.

Аращ дэ абыхэм яхуэтщIэжыфынур

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и къэлъыхъуакIуэ гупым лэжьыгъэшхуэ пщэрылъ зыщащIыжащ. Абыхэм Iуащхьэмахуэ и щыгур яхъумэу Хэку зауэшхуэм и зэманым а щIыпIэм зи псэр щызыта сэлэтхэм я хьэдэ къупщхьэхэр, я Iэщэ-фащэр къагъуэтыжу зыхуей хуагъэзэну я мурадщ.

КАВКАЗЫМ щекIуэкIа зауэ гуащIэхэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу къаIэта Iуэху щхьэпэм теухуауэ щытащ Iуащхьэмахуэ куей администрацэм, Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и IэнатIэхэмрэ зэгъусэу Терскол щрагъэкIуэкIа зэIущIэр.

Iуащхьэмахуэ район администрацэм и Iэтащхьэ **Малкаров Аслъэн** жиIащ хэкум и хуитыныгъэм зи псэр щIэзыта сэлэтхэм я къупщхьэхэр 1996 гъэ лъандэрэ къалъыхъуэ пэтми, нобэр къыздэсым къагъуэтыжхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрымыхъуар. «Мемориал-Эльбрус» къэлъыхъуакIуэ гупым лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI. Малкаровым и псалъэхэм къыхигъэщащ, гупыр куэд мыхъуми, лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэрызэфIагъэкIыр, цIыху къазэремэщIэкIри ибзыщIакъым. Администрацэм и Iэтащхьэм фIыщIэ хэха хуищIащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм апхуэдэ жэрдэм зэрищIам папщIэ, дяпэкIэ я лэжьыгъэр нэхъ псынщIэ, тынш хъуну зэрыщыгугъри и псалъэхэм дыщIигъужащ.

Урысей Федерацэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Миронов Игорь** къыщыпсалъэм фIыщIэ яхуищIащ къэрахьэжьа Iуэхур къадэзыIыгъ, къадэIэпыкъу псоми.

Кавказым щекIуэкIа зауэ гуащIэр зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм къиIэта Iуэхухэм хэту Iуащхьэмахуэ куейр ауэ сытми къыхахауэ аракъым, атIэ зауэр нэхъ гуащIэу зэрыщекIуэкIар, а щIыпIэм сэлэт куэд псэемыблэжу зэрыщызэуар къалъытащ. Нобэр къыздэсым лэжьыгъэ хьэлъэм къримыгъэкIуэту а Iуэху мытыншыр зэрырагъэкIуэкIым папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэлъыхъуакIуэ гупым фIыщIэ яхуищIащ Мироновым.

Хэкум и щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзытахэм я щIыхьыр гъэлъэпIэным ехьэлIауэ ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и пщэ къалэн пыухыкIахэр дэлъщ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэхэм хохьэ къэлъыхъуакIуэ гупым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныр, зауэм хэкIуэдауэ къагъэлъэгъуахэмрэ зэкIэ къагъуэтыжахэмрэ я бжыгъэм кIэлъыплъыныр, абыхэм я хьэдащхьэр зыхуей хуэгъэзэжыныр.

Мироновыр щхьэхуэу къытеувыIащ Iэщэ къэзыгъуэтам, псом япэрауэ, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я къудамэу а щIыпIэм щыIэм хьыбар иригъэщIэн зэрыхуейм. Министерствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр наIуэу щыплъагъу Интернет-хъумапIэ къызэрагъэпэщащи, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я кIуэдыкIамрэ щыщIалъхьэжа щIыпIэмрэ тыншу къыпхуэщIэнущ.

Миронов Игорь жиIащ УФ-м и щIыхьыр ягъэлъапIэу утыкушхуэхэм ихьэн хуейуэ куэдрэ къаззэрэмыхухэр. Нэмыцэхэр ди бийуэ щытами, нобэ абыхэм я деж ди сэлэтхэм я хъыбар къыщалъыхъуэ, къагъуэтыжахэр, хабзэм къызэрезэгъыу зыхуей хуагъэзэж - дэри аращ. Дызэрыт илъэсым и кIуэцIкIэ зэфIагъэкIыну зыхуагъэувыж къалэнхэр кърибжэкIа нэужь, къэпсалъэм жиIащ илъэс къэс ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр мы гъэм щIагъэхуэбжьэну зэрамурадыр.

УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я музей нэхъыщхьэм и унафэщI **Никонов Александр** къыхилъхьащ Хэку зауэшхуэм и Iэужьхэр къатещу къагъуэтыж Iэщэ-фащэхэр щIалъхьэу Кавказыр зыхъумахэм я музей къызэIуахыну, абы къищынэмыщIауэ, Iуащхьэмахуэ и щыгум тет хъумапIэр зэрагъэпэщыжыну. А Iуэхум ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэрырагъэкIуэкIыр, «Мир» къэувыIэпIэм (станцым) деж музей щауххуэну зэрамурадыр и псалъэхэм къыхигъэщащ Iуащхьэмахуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Курданов Узеир.**

Къэрахьэжьа Iуэхум зэрепхьыр зэIущIэм къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м щыIэ МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и унафэщI **Баттаев Муслим**, КъБР-м и дзэ комиссар **Харламов Евгений** сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр **ГУРТУЕВ Расул** трихащ.

• ЖКХ

Сом мелуан 26-м щIигъу хухахыну щогугъ

«ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм я щIэгъэкъуэн фонд» къэрал корпорацэр хоплъэ абы и хьэкъкIэ фэтэр куэд хъу унэхэр зэгъэпэщыжыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ита тхылъым (заявкэм).

АБЫ ИПКЪ иткIэ, фондым и мылъкум щыщу сом мелуан 26,48-рэ хухахыну щогугъ. А ахъшэмкIэ Дзэлыкъуэкъуажэпоселкэм фэтэр куэд хъу унэу 9, Лэскэн районым хыхьэ Анзорей, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтIуанэ, Хьэтуей, Ерокъуэ жылагъуэхэм псэупIэ 14 къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжыну я мурадщ.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжынымрэ жыы хъуа псэупIэхэм цIыхухэр къыщIэгъэкIынымрэ ятещIыхьа программэхэр 2008 - 2012 гъэхэм ягъэзэщIэн папщIэ, ЖКХ-м и фондым и мылъкуу сом мелард 1,84-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къратащ, республикэр а Iуэхум сом мелуан 425,73-кIэ хэуващ. АбыкIэ зэрагъэпэщыжащ цIыху 65232-рэ зыщIэс унэу 501-рэ, жьы хъуа псэупIи 163-м цIыху 2799-рэ къыщIагъэIэпхъукIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Гъэ къэси хуэдэу, бадзэуэгъуэм и 8-м республикэм и къалащхьэмрэ къуажэхэмрэ щагъэлъэпIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэр. Абы ирихьэлIэу я нэчыхьыр ирагъэтхащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Амикс» театрым и уэрэджыIакIуэ Хъусин Анзоррэ Музыкэ театрым и солисткэ, Думэн Мурэдин и театрым и лэжьакIуэ Жабоевэ Замирэрэ.

ГУФIЭГЪУЭ зэхыхьэр иригъэкIуэкIащ Нэчыхьхэр щатх унэу Налшык дэтым и унафэщI **Шэру Валентинэ**. КърихьэлIахэм хъуэхъу дахэкIэ Валентинэ защыхуигъазэм, «Амикс» гупыр зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэкъуэту къызэрыгъуэгурыкIуэр и псалъэм къыхигъэщащ икIи абы и щыхьэту Валентинэ пэшым къригъэблэгъащ а театрым щыщу нэхъапэIуэкIэ унагъуэ дахэ зэдэзыухуа зэщхьэгъусэхэр.

«Амикс» театрым хэт щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къэфащ, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я нэщэнэу ялъытэ шынэ-шынэ удз гъэгъа Iэрамэхэр зэIэпахыурэ.

КъыкIэлъыкIуэу, псори зыпэплъэ щауэмрэ нысащIэмрэ пэшым щIашэри, я нэчыхьыр ятхащ. Шэру Валентинэ Анзоррэ Замирэрэ захуигъазэу жиIащ:

- Iуэху псоми псэкIэ хуэхъур унагъуэрэ, псэгъу зэхуэхъужахэм мы махуэ дахэр фигу къинэжыну, лъэпкъыр, республикэр зэрыгушхуэн щIэблэфI къыфщIэхъуну, фяку дэлъ лъагъуныгъэмрэ зэгурыIуэмрэ нэхъ быдэ хъуурэ екIуэкIыну, нэхъыщхьэращи, фызэрыгъэпэжу гъащIэ кIыхь къафэмыкI къызэдэвгъэщIэну сынывохъуэхъу.

«Амикс» театрым и художественнэ унафэщI Къул Амир, уэрэджыIакIуэхэу Iэрэмысэ Азрэт, ЦокIыл Азэмэт, Аттаев Азнор, нэгъуэщIхэри щауэмрэ нысащIэмрэ ехъуэхъуащ гуфIэгъуэрэ насыпрэ зэрылъ, псомкIи щапхъэ зытрах, цIыху кIуапIэ унагъуэ хъунхэу. Хъуэхъу псалъэм дыщIагъуващ я уэрэдхэри къафэхэри.

• УнагъуэщIэ

Шынэ-шынэхэр зэIэпах

Анзоррэ Замирэрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Бахъсэн, Лэскэн, нэгъуэщI районхэми мы махуэр зэрыщагъэлъэпIар. Зэрызэдэпсэурэ илъэс 35-м щыщIэдзауэ 70-м нэблэгъа зэщхьэгъусэ зыбжанэм хуагъэфэщащ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ папщIэ» медалыр. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ щIыпIэ администрацэхэмрэ «Урысей зэкъуэт» партым и «ЩIэблэщIэ гвардие» зэгухьэныгъэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

• ЩIэныгъэ

ЕтIуанэ гупыр

«КъБР-м и экономикэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным теухуауэ» бизнес-программэр Къанокъуэ Арсен къыхилъхьа Iуэхугъуэ пажэхэм ящыщщ. Ар хуэгъэзащ ди щIалэгъуалэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм, зэфIэкIым хагъэхъуэным.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Къэрэщей Элеонорэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, щIыпIэ еджапIэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзыгъэгъуэта IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр республикэм и бизнес-школхэм инджылызыбзэмрэ информацэ технологиехэмрэ нэхъ кууэ щыхурагъэджащ. Ар проектым и япэ Iыхьэт. Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубаторым иджыблагъэ щекIуэкIащ етIуанэ Iыхьэр. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэждыгъу Темыркъан зи пашэ къэпщытакIуэ комиссэм игъэбелджылащ нэгъуэщI щIыпIэхэм зи зэфIэкIым щыхэзыгъэхъуэну IэщIагъэлI гупым хэхуахэр. Псори зэхэту цIыху 17 мэхъури, ахэр щеджэнущ Москварэ Санкт-Петербургрэ я еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм.

IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ республикэ комиссэм жэуап зыхь и секретарь Щоджэн Заирэт зэрыжиIэмкIэ, 2013 - 2014 гъэ еджэгъуэм и кIуэцIкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ IэщIагъэлI ныбжьыщIэ 37-м Iэмал яIэнущ я щIэныгъэм хамэ щIыпIэхэм щыхагъэхъуэну. Иджыпсту зи Iуэху зэрахуэ гупым нэхъыбэу къызэщIиубыдэр республикэм и социальнэ IэнатIэхэм щылажьэ IэщIагъэлIхэрщ. Псалъэм папщIэ, абы хэтщ «ЕхъулIэныгъэ» («Успех») еджапIэ центрым и унафэщI Апекъуэ Жаннэ, «КъБР-м инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэ» ОАО-м и къудамэм и унафэщI Хьэсанэ Амир. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, япэ гупым хэтхэр КъБР-м и бюджетым къыхэкI мылъкукIэ ирагъэджэнущ.

Программэм и етIуанэ гупым хэтыну хуейхэм абы теухуа хъыбар псори къыщагъуэтынущ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и **http://ekonomykbr.ru/category/managers/** сайтым. Фигу къэдгъэкIыжынщи, «КъБР-м и экономикэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным теухуауэ» бизнес-программэр республикэм щагъэзащIэ 1997 гъэ лъандэрэ. А илъэсхэм къриубыдэу щIыпIэ экономикэм хуагъэхьэзыращ IэщIагъэлI 275-рэ.

ТАМБИЙ Линэ.

• Узыншагъэ

Дохутырхэр ирагъаджэ

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министр Шэт Ирмэ иджыблагъэ яхуэзащ Кулаков В. И. и цIэр зезыхьэ, акушерствэмкIэ, гинекологиемкIэ, перинатологиемкIэ щIэныгъэ центрым и IэщIагъэлI пажэхэм. Гупыр министерствэм иригъэблагъэри, Республикэ перинатальнэ центрым, Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ районхэм щылажьэ лъхуапIэ къудамэхэм щыIащ.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъхуапIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм папщIэ зэрырагъэджэну программэ щхьэхуэхэр зэхалъхьэнущ. Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Хаматхановэ Елизаветэ зэрыжиIамкIэ, здэщыIа IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къыщапщытэм гу зылъата ныкъусаныгъэхэм ятещIыхьауэ дерсхэр зэрырагъэкIуэкIыну программэр зэхагъэувэну аращ.

Перинатальнэ центрым и лэжьыгъэр къызэрыщыхъуам и гугъу щищIым, Хаматхановэ Елизаветэ къыхигъэщащ лъхуапIэ IуэхущIапIэ нэхъ инитIыр зэрызэгуагъэхьэжар фIыуэ егупсысауэ яча лъэбакъуэу зэрыщытыр. «Республикэм и лъхуапIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэхуэдэу къызэгъэпэщауэ икIи зэпыщIауэ щытын хуейщ. Апхуэдэу къэгъэсэбэпыпхъэщ иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къыдат Iэмал псори. Районхэм щыIэ лъхуапIэ къудамэхэм къалащхьэм щыIэ центрыр я тегъэщIапIэу я лэжьыгъэр яухуэу, сыт хуэдэ IуэхукIи зэчэнджэщхэу щытын хуейщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ лэжьыгъэм хуаIэмэ, итIанэщ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм щратыфынур», - жиIащ Хаматхановэ Елизаветэ.

Шэт Ирмэ щIэныгъэлIхэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ икIи лъхуапIэ унэхэм щыIэ дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ я Iэзагъэм хагъэхъуэнымкIэ ирагъэкIуэкI IуэхумкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр яжриIащ.

ЩОМАХУЭ Лилие.

Сурэтхэр **ХОЛЛАЕВЭ Марзият** *трихащ.*

Шэч лъэпкъ зыми къытрыремыхьэ!

ХьэтІохъущокъуэм и хадэм апхуэдиз гулъытэ къызэрылъысыр ди гуапэ хъунут, цІыхуІэ еІусауэ умыщІэну щІыри щІыуэпсри зыгъэдахэ парк телъыджэм теухуауэ тщІэ мащІэм зыгуэр къыхэхъуэу щытамэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрейуэ утыку кърахьа тхыгъэхэм апхуэдэ гугъэ уагъэщІыркъым, паркым и тхыдэм зрагъэубгъуну хьэмэрэ ар нэхъ гукъинэж ящІыну мурад яІэу тхакІуэхэм ядэплъагъуркъым. Гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым Котляров зэщхьэгъусэхэми, Жырыгъу Р., Лубан О. сыми я ІэдакъэщІэкІхэр зыгуэрым и унафэкІэ дунейм къызэрытехьэм. Сыт а унафэм и гукъыдэжыр жыпІэмэ, псоми фІыуэ ялъагъу паркым тхыдэм кърита «ХьэтІохъущокъуэм и хадэ» цІэр фІагъэкІуэдынырщ. ХэкІыпІэу къагъуэтари тхыдэ лэжьыгъэ нэмыщІысахэр, псалъэм папщІэ, Абрамов Я. XIX лІэщІыгъуэм хадэр дэхуэхауэ щІыщыта щхьэусыгъуэу къиихьхэр е архив тхыгъэхэу шэч къызытумыхьэу щымытхэр къагъэсэбэпкІэрэ, цІыхубэр ягъэщхьэрыуэнырщ.

«Кабардино-Балкарская правда», «МК в Кабардино-Балкарии» газетхэм я щІэджыкІакІуэ куэд паркым теухуауэ иужьрейуэ утыку кърахьа лэжьыгъэхэмкІэ зэрымыарэзым къыхэкІыу, «ХьэтІохъущокъуэм и хадэ» фІэщыгъэм щІэту кавказыдж цІэрыІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Думэн Хьэсэн 1991 гъэм къытрыригъэдза лэжьыгъэр щІэрыщІэу хэІущІыІу щІын хуейуэ къызолъытэ. Архив тхыгъэхэр зи тегъэщІапІэ щІэныгъэ лэжьыгъэм къеджэмэ, хадэм и цІэми, абы и къекІуэкІыкІами цІыхухэм шэч къытрамыхьэжыну си гугъэщ.

Шэч зыхэмылъыжращи, ХьэтІохъущокъуэм и хадэм и тхыдэм дяпэкІэ елэжьыпхъэр тхыдэджхэмрэ къэкІыгъэ ІуэхухэмкІэ щІэныгъэ зиІэхэмрэщ. ІэщІагъэлІ къэс езыр и ІэнатІэ пэрытыжмэ, нэхъыфІщ, ар жылагъуэ Іуэхуи щІэныгъэ Іуэхуи щрырет.

КЪАЛМЫКЪ Жылэбий,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат,
КъБР-м и Адыгэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр Зэзыгъэзэу Советым и унафэщІ.

ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІэхъущыкъуэ и хадэ.
Налшык, бадзэуэгъуэм и 10. 2013 гъэ

ХьэтІохъущокъуэм и хадэ

НАЛШЫК къалэ паркыр и инагъкІи и дахагъкІи къэралым и зыгъэпсэхупІэ нэхъ дахэхэм хохьэ. АрщхьэкІэ, «Октябрь революцэм цІыхубэм къыхуихьа насыпыр» ягъэбэгъуэн папщІэ, абы и къежьапІэр 1917 гъэм деж къыщыщІадзэурэ, и тхыдэ пэжыр намытхысу къекІуэкІащ.

«Налшык быдапІэ» - арат Тэгъулан унэцІэр зезыхьэ беслъэн-уэркъхэм я къуажэр здэщысам деж Ермолов Алексей щиухуа дзэ тІысыпІэм зэреджэр. 1838 гъэм «быдапІэ» фІэщыгъэр «дзэ-жылагъуэ псэупІэ» цІэмкІэ яхъуэжащ.

1842, 1844 гъэхэм налшыкдэсхэр Кавказ Линием и Іэтащхьэ Эристовым тІэунейрэ йолъэІу быдапІэм пхъэщхьэмыщхьэ жыг къыщыкІ хадэ щыхрагъэсэну. 1847 гъэм Эристовыр арэзы мэхъу Урыс пащтыхьыгъуэм япэщІэта адыгэ пщы-уэркъхэр зрахуа щІыхэм апхуэдэ хадэ щащІэну, пащтыхь хъарзыналъэм сом дыжьынищэ къыхахыу. 1851 гъэм хаса гъэІэпхъуэнхэм иныкъуэр щІым хиубыдащ, адрейхэр щІыІэм исащ. Ауэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкІэ жыг Іэрысэ мини 5-м я къудамэхэм щыщхэр мэзым къыщыкІ пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм дагъэкІащ. Ахэр жыгыщІэ хъуа нэужь, я зэхуэдитІыр хадэм кърэнащ, адрейхэр цІыхухэм хуагуэшащ. А жыгыщІэхэр зыхуагуэшахэм ящыщт **ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІэхъущыкъуэ**. А зэманым ар «Кабардинский временный суд»-кІэ зэджэ, хабзэ къыдэгъэкІын-гъэзэщІэныр зи пщэ илъ ІуэхущІапІэм щылажьэрт. ХьэтІэхъущыкъуэ игъэтІыса жыг хадэр нобэ «Эльбрус» рестораныр здэщыт щІыпІэм хуозэ. Пащтыхьыгъуэм хригъэсар - сабий джэгупІэхэмрэ ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэрал драмэ театрымрэ здэщытым деж.

1860 гъэхэм щІым теухуа хабзэхэр щызэрахъуэкІым, Налшык псэупІэм ищхъэрэкІэ щылъ щІы псори, нобэ «Дыгъужь куэбжэкІэ» зэджэм нэс хиубыдэу, пащтыхьыгъуэм иригъэубзыхуа хадэр къыдэкІуэу, ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІэхъущыкъуэ и мылъкум хабжащ. Апхуэдэу хадитІыр щызэхагъэхьэжым, ХьэтІохъущокъуэм и хадэ зыуэ ялъытэ хъуам Ипщэрэ ИщхъэрэкІэ еджэу щІадзащ. Дэфтэрхэм къызэрыхэщымкІэ, ХьэтІохъущокъуэпщым «Къэбэрдей щІыхубэ мылъкум» ахъшэ мызэ-мытІэу къыІихащ жыгыщІэ къищэхун е хадэм щыІэ лажьэхэм улахуэ яритын папщІэ. Иванов И. жыгхэкІым и унафэм щІэту хадэм адыгэ мэкъумэшыщІэ гуп щылажьэрт. Абыхэм я лэжьэкІэм

ХьэтІохъущокъуэм и хадэ.
Налшык, 1900 гъэ («Архивы и общество» журналым (№14, 2010 гъэ) къитхыжащ)

теухуауэ Абрамов Яков етхыж: «Налшык пэгъунэгъуу «ХьэтІохъущокъуэм и хадэ» жыхуаІэр щытщ. МащІэщ абы къыхэнэжар. Кавказым фІэкІа зыщІыпІи узыщримыхьэлІэн хадэ абрагъуэхэм ящыщ зыт ар. Пхъэщхьэмыщхьэ лІэужьыгъуэу имыт щыІэтэкъым: кхъужьейхэр, мыІэрысейхэр, балиейхэр, балий Іэрысейхэр, шэфтал, мэракІуей, н. къ. КІарцхэмрэ бзиихухэмрэ сатыр дахащэу ирикІуэрт. УдзыпцІэ телъыджэ итт, ихъуреягъыр мэракІуейрэ шэфталу. Жызумейхэм псы щІагъэлъэдэн папщІэ, хадэм ипщэкІэ псы къызэпрашат. Адыгэхэм яІэщІэлъыху апхуэдэ теплъэ иІащ а хадэм».

Бгырыс еджапІэм щІэс щІалэгъуалэр еджэным къыщыдэхуэм щылажьэрт хадэм. Абы щеджэхэр нэхъыбэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я уэркъ щІалэщІэхэрт. Псалъэм папщІэ, 1895 гъэм еджакІуэхэм зэманыр зэрагъакІуэм теухуауэ къэна дэфтэрхэм итщ ахэр ХьэтІохъущокъуэм и хадэм щылэжьауэ: мэракІуей ягъэтІысащ, удзыжьхэр кърачащ.

1880 - 1890 гъэхэр хадэм и дахэгъуэт. Кавказ Ишхъэрэм и гъунапкъэм щхьэпрыкІат абы и цІэр. 1884 гъэм ХьэтІохъущокъуэм и хадэр бзу лъэпкъыхэмкІэ зэрыкъулейр зэхэха пщышхуэ Михаил Николаевич и щхьэм папщІэ мэзджэд зэхъузэбзу 12 ирырыгъэшауэ щытащ абы.

1890 гъэхэм ХьэтІохъущокъуэпщыр сымаджэрилэ хъури, хадэм елІэлІэнри къехьлъэкІыу хуежьащ.

Дэфтэрхэм къызэраІуатэмкІэ, 1898 гъэм хадэр ХьэтІохъущокъуэм имеижу «Къэбэрдей жылагъуэм» и мылъку хъуакІэт. Абы и щхьэусыгъуэр зэкІэ тщІэркъым, ауэ зэрыхуэдгъэфащэмкІэ, пщыр нэхъ лъэрымыхь хъуауэ къыщІэкІынут.

1860 - 1870 гъэхэм пащтыхьыгъуэм иукъуэдия мылъку къэугъуеикІэ хабзэхэм ахъшэ зыбгъэдэлъу Хэкум къинахэми я лъабжьэр щІиудащ. Псалъэм папщІэ, а зи гугъу тщІы ХьэтІохъущокъуэпщым щІыуэ зэрихьэм и нэхъыбэр «ЩІыхэкІ банкым» и ІэмыщІэ ихуащ. Дэфтэрхэм къызэрыхэщымкІэ, пщым «Къэбэрдей цІыхубэ мылъкум» и щІыхуэшхуэ - сом 28803-рэ - къытехуати, ар ипшыныжыху метрипщІ зэбгъузэнатІэу 744-рэ яІыгъыну яритащ. Мис апхуэдэ Іуэхухэм пыщІауэ фэ тетщ хадэр пщым зэрыІэщІэкІа щІыкІэр.

1898 гъэм налшыкдэсхэмрэ «Къэбэрдей жылагъуэмрэ» я зэхуаку къаугъэ къыдохъуэ. Налшыкдэсхэр хадэр цІыхубэм кърату мэлъаІуэ, арщхьэкІэ «Къэбэрдей жылагъуэм» ар идэркъым. Япэ хеящІэ зэхуэсхэр 1901 гъэм накъыгъэм и 15-м щегъэжьауэ 29-м нэс екІуэкІащ. «Къэбэрдей жылагъуэм» и уэчылыр хадэр зейуэ щыта ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІэхъущыкъуэ и къуэш Мыхьэмэтт. ХеящІэм унафэ къищтащ хадэр налшыкдэсхэм иратыну. АбыкІэ «Къэбэрдей жылагъуэр» арэзы хъуакъым. 1901 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м «Къэбэрдей жылагъуэм» Тыркум кІуа ХьэтІохъущокъуэ Мыхьэмэт и пІэкІэ Бгырыс еджапІэм и егъэджакІуэ Къармэ Исхьэкъ уэчылу къещтэри, Іуэхум пещэ. И мыарэзыныгъэр къызэригъэлъагъуэ тхыгъэм Къармэм щыжеІэ налшыкдэсхэр хадэм щІыщІэлъэІур ар зыхуей хуагъэзэну зэрыармырар, атІэ фейдэ хахын папщІэ, ар «Владикавказ гъущІ гъуэгу» ІуэхущІапІэм иращэжыну мурад зэраІэр. Къармэм щыхьэту къихьащ Налшык цІыху кІуапІэ, зыгъэпсэхупІэ ин хъун, абы дэсхэми а Іуэхум фейдэ хахыфын щхьэкІэ, «Владикавказ гъущІ гъуэгум» лъэкІ къимыгъэнэну ахэр къыщигъэгугъэ дэфтэрыр. Къармэр зыгъэпсэхупІэхэмрэ Налшык и дахагъэмрэ зрагъэузэщІыным зэрыпэрымыуэр къыхигъэщащ, имыдэр хадэм къыпыкІ хьерыр «Къэбэрдей цІыхубэ мылъкум» халъхьэн хуейуэ къызэрилъытэрат, налшыкдэсхэм я закъуэ ялъымысу.

«Къэбэрдей жылагъуэм» езым мурад убзыхуа иІэт хадэм зригъэужьыным теухуауэ. Абы хадэр зыгуэрым ІэщІилъхьэну зигъэхьэзырыртэкъым. 1890 гъэм щегъэжьауэ хадэ зехьэным ахъшэу текІуэдар «Къэбэрдей цІыхубэ мылъку» банкым къиутІыпщца защІэт, Октябрь революцэм и пэкІэ а ІуэхущІапІэр Къэбэрдеймрэ Балкъэрымрэ я лъэпкъ банк хуэдэу щытт.

1912 гъэм Къэбэрдей округым и Іэтащхьэу щыта Къылышбий СулътІанбэч «Налшык егъэфІэкІуэнымкІэ зэгухьэныгъэ» къызэригъэпэщащ. Абы и унафэщІт езы Къылышбийр. Зэгухьэныгъэм хэтт а лъэхъэнэм округым фІыуэ къыщацІыхуу щыта дохутыр Львов К. М., губерние секретарь Къэрэшей Б. ТІ., Заветаев П. И., Къармэ Исхьэкъ, нэгъуэщІхэри. Зэгухьэныгъэм иджыри хагъэхьат щІыпІэ интеллигенцэм щыщхэу пщы Наурыз Т. И., ТокІэш Хь., Шыпш Т. У., Шаханов Б. сымэ.

Зэгухьэныгъэм Налшык ефІэкІуэн папщІэ Іуэхугъуэ 47-рэ гъэзэщІэн хуейуэ унафэ ищІащ. Абыхэм хыхьэрт жыгхэр сатыру хэсэныр, сабий джэгупІэхэр, псэущхьэ Іыгъыпіэхэр, зыгъэпскІыпІэхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, псы къилъэдапІэ-ижыпІэхэр къызэгъэпэщыныр.

Зэгухьэныгъэм мурад ищІащ музей къызэІуихыну, Кавказымрэ абы теухуа тхыгъэхэмрэ щадж къудамэ щхьэхуэ хэту тхылъ хъумапІэ къызэрагъэпэщыну, уэрэд щыжаІэн, къыщыфэн, зыщагъэпсэхун щІыпІэхэр, пщІэнши уасэ зыщІати хэту, яухуэну. ХьэтІохъущокъуэм и хадэм и мызакъуэу, Налшык къалэри зыхуей зэрыхуэзэнум тещІыхьа унафэт абыхэм къащтар. А зэгухьэныгъэм и къалэнхэр нэсу игъэзащІэу зэрыщытам и зы щыхьэтщ ар 1914 гъэм щІышылэм и 4-м Царт Э. А. инженерым Мысостхэ я псынэм деж къикІыу Налшык нэс бжьамийкІэ псы къишэну зэрыгурыІуар.

1916 гъэм и дэфтэрхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, «Владикавказ гъущІ гъуэгум» ХьэтІохъущокъуэм и хадэм Курзал ирищІыхьыну унафэ къищтащ. А щІыпІэр хуозэ иджыпсту «Эльбрус» рестораныр здэщытым деж. Ди жагъуэ зэрыхъущи, «Къэбэрдей жылагъуэм» ІэщІэкІыу хадэр «Владикавказ гъущІ гъуэгум» зэрыІэрыхьа щІыкІэм щыхьэт хуэхъу дэфтэр зэкІэ дрихьэлІакъым.

Зауэ зэманым ХьэтІохъущокъуэм и хадэм кІэлъымыплъыжІауэ, налшыкдэсхэм ар Іэщ гъэхъупІэ ящІыжат. Хадэм къыщхьэщыжакІуэ хуэхъуащ балъкъэр дохутыр Абаев Измаил, 1920 гъэм Налшык округым и ревкомым узыншагъэ ІуэхухэмкІэ унафэщІу ягъэувар. Абаевым ревкомым и унафэщІ Къалмыкъ БетІал хуетх: «ХьэтІохъущокъуэм и хадэр Іэщ гъэхъупІэ зэрыхъуам, цІыхубэр абы узыншагъэ ІуэхукІэ зэрыхуэныкъуэм, Налшык къалэ-зыгъэпсэхупІэм ар хадэу имыІэу зэрымыхъунум къыхэкІыу, солъаІуэ абы шууейхэр ихьэну Іэщ щагъэхъуэкІуэнуи япэзыубыд унафэ къыдэвгъэкІыну».

1920 гъэм ревкомым и зэхуэсым унафэ къищтащ: «ГуащІэрыпсэухэм я хадэр хъумэныр, абы кІэлъыплъыныр щІы ІуэхухэмкІэ унафэщІ ныбжьэгъу Мыдым и пщэ дэлъхьэн». Хуэбгъэфащэ хъунущ а зэхуэсым ХьэтІохъущокъуэм и хадэм «ГуащІэрыпсэухэм я хадэ» фІащыжауэ. 1923 гъэм абы и цІэр къызэрыхэщыр «Къэбэрдей хадэ» жиІэущ. 1949 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м КъАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ: «Совет народымрэ фІым хуэунэтІа дунейпсо цІыхубэмрэ я гъуазэ, я егъэджакІуэ Сталин И. В. и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъум и саулыкъукІэ Республиканскэ уэрамым «Сталиным и цІэр зезыхьэ уэрам», Къэбэрдей паркым - «Сталиным и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей парк» фІэщыгъэхэр етын». 1950 гъэхэм Сталиным пщІэуэ хуащІар егъэлеиныгъэу къалъытэжа нэужь, хадэм «Налшык парк» фІащыжащ.

Ди зэманым паркым цІэ пыухыкІа иІэкъым. Абы зэм «Къалэ парк», зэм «Налшык парк», зэми «ЗыгъэпсэхупІэ парк»-кІэ йоджэ. И чэзу къэмысауэ пІэрэ абы и цІэ дыдэр - «ХьэтІохъущокъуэм и хадэ» цІэр еттыжыну?

ДУМЭН Хьэсэн,
тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор.
1991 гъэ, дыгъэгъазэм и 13, «Советская молодежь».

Къэбэрдей (ХьэтІохъущокъуэ) парк. *1923 гъэ*

Зи Іуэхум хуэІэижь Нэгумэ Мухьэмэд

● ДифІ догъэлъапІэ

Къармэхьэблэ щыщ Нэгумэ Мухьэмэдрэ сэрэ илъэситхукІэ дыщызэдеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ветеринарнэ къудамэм. «Курсым и псэ» - арат дызэреджэр и псалъэм тебгъуэтэж а щІалэ гуапэм. ФІыуэ зэреджэм къыдэкІуэу, Мухьэмэд жылагъуэ лэжьыгъэ зыбжани игъэзащІэрт. Ар студпрофкомым хэтт, комсомол «прожекторти», шхапІэхэм, тыкуэнхэм, автобусхэм я лэжьыгъэр къипщытэу куэдрэ урихьэлІэнут. Ар егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ фІыуэ къалъагъурт.

ДИ НЫБЖЬЭГЪУР тлъагъун мурадкІэ, къыздеджа Кумыщ Сафудинрэ сэрэ Мухьэмэдхэ я къуажэм дыкІуащ иджыблагъэ. Илъэс 71-рэ зи ныбжь Мухьэмэд, зэры-Мухьэмэдт. Пэжу, тхъугъэ тІэкІу хидзащ и щхьэцхэм, ауэ и нэхэр иджыри гуапэщ, хуабэщ, узэІэпашэу «къопсалъэт». Мухьэмэд гуфІэу къытІущІэри дригъэблэгъащ. Хъыбархэр кІэщІу зэІэпытха нэужь, дэ щыгъуазэ зыхуэтщІащ еджапІэ нэхъыщхьэр къызэрыдухрэ дымылъэгъуа Нэгумэ Мухьэмэд и гъащІэм.

Ар Іэщ дохутыру лэжьащ илъэс 40-м щІигъукІэ. Лэжьэн щыщІидза «Каменномост» мэл совхозым а зэманым мэлу мин 35-рэ, жэм къашу мин, ІэщІэвыщІэу мини 7, шыуэ минрэ щитхурэ иІэт. Ахэр зыхуей хуэзэу зепхьэн папщІэ, щхьэкъэІэт уимыІэу, уи зэман уемыблэжу улэжьэн, пщІэнтІэпс куэд къокІуэн хуейт. Дауи, тынштэкъым дыгъуасэрей студентым и дежкІэ апхуэдиз къалэныр, арщхьэкІэ Мухьэмэд зэригъэгъуэта щІэныгъэфІыр абдеж сэбэп къыщыхуэхъужащ. Іэщхэм къеуз хабзэ узыфэхэр къэхутэныр гугъут, ауэ абы упэмылъэщмэ, ар зэуэлІар лІэнущ, адрейхэр ицІэлэнущ. Апхуэдэ щытыкІэ гугъуэхэм имыхуэн щхьэкІэ, Мухьэмэд хозяйствэм щигъэуващ ветеринар кІэлъыплъыныгъэм и хабзэхэм ткІийуэ тетыныр.

Гъэунэхуныгъэ инт Мухьэмэд и дежкІэ япэ илъэсыр. НэгъуэщІ лэжьыгъэ умыщІэу а Іэщ бжыгъэм уз зэрыцІалэхэм я вакцинэ мазих къэскІэ хэпІуныр, махуэ 15 къэс лъы къыхэпшыныр урикъунт. Совхоз Іэщхэр зэрызэбгрыдзам Мухьэмэд игъэгузэвакъым, фермэхэм кІэлъыплъыну и пщэ къыщыдалъхьам щыгъуи. Ахэр къызэхикІухьурэ тхьэмахуэкІэ шым уанэ щытримых къэхъурт.

- Зэгуэрым мэл фермэхэм языхэзым щынэ куэд щылІэу щІидзащ. Узым псынщІэу зиубгъурти, ар зыхуэдэр икІэщІыпІэкІэ зэхэгъэкІауэ и хущхъуэгъуэри къэгъуэтын хуейт, - игу къегъэкІыж Мухьэмэд. - Налшык ветлабораторэм и ІэщІагъэлІхэр къедджати, узыр къахутэн папщІэ, анализхэр къащтэри кІуэжат, арщхьэкІэ абыхэм къагъэлъэгъуэнум дежьэху, щынэр зэтелІэрт. АпщІондэху, щынэхэм къеуэлІауэ шэч зыхуэсщІ узыфэм зэреІэзэн хущхъуэхэр есхьэлІащ, узыншэхэм вакцинэ хезгъэлъхьащ. Арати, щынэхэм лІэн щагъэтащ. Тхьэмахуэ дэкІа нэужь, Налшык къикІри хъыбар къытІэрыхьауэ щытащ жыхуэсІа узыфэм лабораторэр щыхьэт зэрытехъуар иту.

Апхуэдэу дохутыр щІалэм а тхьэмахуэм узым къригъэлат щынэ мин зыхыбл. Ар ехъулІэныгъэшхуэт, узэрыгушхуэ хъун япэ текІуэныгъэшхуэт. Зи ІэщІагъэм щІэхыу хуэІэижь хъуа щІалэр опытышхуэ зиІэхэм чэнджэщэгъу ящІу хуежьащ иужькІэ. Къуажэми щызэлъащІысат дохутыр Іэзэм и хъыбарыфІыр. Нэгумэм Іэщхэм я узыфэр щыуагъэншэу къихутэф къудейтэкъым (нэхъыщхьэр арат), атІэ Іэзэуи игъэхъужырт. Хозяйствэми къуажэдэсхэми я дэтхэнэ зы Іэщми елІалІэрт Нэгумэр. Уз зэрыцІалэхэр къэмыхъун щхьэкІэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я сэбэпкІэ хэщІым я бжыгъэр зы процентым фІэкІыртэкъым. Апхуэдэ ехъулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьэфыр зырызыххэт.

Сыт щыІэ уи гъащІэр, ІэщІагъэр нэгъуэщІхэм яхуэщхьэпэу упсэун нэхърэ нэхъ насып? Ар къызэхъулІахэм ящыщщ Іэщ дохутыр ІэщІагъэ мытыншым ирилажьэ Нэгумэ Мухьэмэд. И лэжьыгъэм папщІэ Нэгумэм къыхуагъэфэщащ фІыщІэ тхылъхэр, саугъэтхэр.

И ныбжькІэ мыщІалэжми, Нэгумэр нобии и ІэщІагъэм иролажьэ, хуэІэижьу. Къуажэдэсхэм къыхуащІ пщІэр и дуней тетыкІэкІэ, и лэжьыгъэ щхьэпэкІэ къихьащ ІэщІагъэлІ ІэкІуэлъакІуэм. Си гуапэщ Мухьэмэд хиша гъуэгур куэдрэ хэмыгъуэщэну.

КЪАРДЭН Мухьэмэд,
УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.

● Муслъымэн диным и лэжьакІуэм и псалъэ

НэхъыфІымкІэ бгъэдыхьэ

Сириемрэ Израилымрэ я гъунапкъэхэм деж щылъ адыгэ къуажэхэу Бир-Аджэмрэ Барекъэрэ СХЬР-м щызэныкъуэкъу лъэныкъуэхэм я къару зэхэгъэкІыпІэ хъуа нэужь, къуажэдэсхэр икІэщІыпІэкІэ Іэпхъуэн хуей хъуащ. А щытыкІэ гугъум я пІэ ирихуахэм ящыщщ дуней псом щыцІэрыІуэ дин щІэныгъэлІ Цей Джэудэт Сэхьид. НобэкІэ нэхъыжь Іумахуэр Тыркум щыІэщ. Интернетым щызэІэпах ар зыхэт гупыр а щІыпІэм щынэсам щегъэжьауэ, хущІыхьэгъуэ игъуэтыху, иригъэкІуэкІ и къыхуеджэныгъэ купщІафІэхэр. Сирием ис адыгэ псоми хуэдэу, Цей Джэудэти зэзауэ гупитІми языхэзым и лъэныкъуи къищтэркъым, зэпэщІэувахэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэмрэ тезыгъэкІуэфын акъыл къызыкъуахыпхъэу къелъытэ. Абы и Іуэху еплъыкІэр ІупщІу къыхощ Бир-Аджэм къыдэкІын и пэкІэ дунейм ехыжа и къуэш нэхъыщІэм папщІэ къыхуэгузэвахэм закъызэрыхуигъэза псалъэм.



Цей Джэудэт

Джэудэт Сэхьид къыхуэгузэвахэм зэрызахуигъазэ псалъэ

Бисмиллахьи рахьмани рахьим!

ФІыщІэрэ пщІэрэ яхуэзощІ шэхьиду дунейм ехыжа си къуэш Мухьэмэд, мамырыгъэр акъылкІэ, Іэщэншэу ухуэн Іэмалым къызэрыхуеззжэрэ си щІэгъэкъуэну щытам папщІэ къысхуэгузэвахэм. Тхыдэм и кІыхьагъым цІыху цІыкІур мамырыгъэмрэ абы ухуеззышэну Іэмалхэмрэ, нейтрон лагъымри хэту, мэлъыхъуэ. Абы теухуауэ жыІапхъэу къызолъытэ акъылри ткІиягъымрэ лъы гъэжэнымрэ щыгугъыу лІэщІыгъуэкІэрэ къызэрекІуэкІар. Ауэ Іэщэм и зыужьыныгъэр и кІэм нэсри, атом лагъым Японием хадзащ, ар ягъэІэсэн мурадкІэ. Нобэ доплъри, а къэралыр нэхъ зызыужьауэ дунейм тетхэм ящыщщ. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ дыбгъэдыхьэнщи, Совет Союз жыхуаІэу щытам лагъыму иІамкІэ, ЩІы Хъурейр тІощІрэ пщІэрэ къигъэуэфын хуэдэу лъэщ пэтрэ, езы къэралыр и кІуэцІкІэ къэтІасхъэри, зэпкърыхуащ. А щапхъэхэм къагъэлъагъуэ материальнэ лъабжьэ фІэкІа зимыІэ къарур сыт хуэдизу абрагъуэу щымытами, абы и къэгъэсэбэпыкІэм акъылыфІагъкІэ убгъэдэмыхьэмэ, ар жыжьэ зэрынэмысыр. Европэр зэхэлъэдэжри зэрыукІыжащ, я къалащхьэхэр зэтракъутащ, ауэ нобэ доплъри - зауэ хэмыту зы зэрыгъэхъужахэу зэдопсэу. Уеблэмэ, ар нобэ хущІокъу цІыху къуэншам укІкІэ тезыр телъхьэныр щамыгъэІэжыну.

КъурІэн лъапІэр, гупсысэ зиІэ лъэпкъым къыхуригъэхащ. Къытхэту пІэрэ-тІэ дэ а нэщэнэхэмрэ къэ-хъукъащІэхэмрэ къызыгурыІуэ, абыхэм егупсыс? Къытхэту пІэрэ зэзыгъэзахуэ доллар мелардкІэ къэтщэху а Іэщэр мамырыгъэр къутэн Іуэхум фІэкІа зэрыхуэмылажьэр, ар зыщІхэмрэ зыщэхэмрэ цІыху икІэхэр щІэныгъэншэхэм тепщэ яхуэхъуным сэбэп зэрахуэхъур?

Дэ, муслъымэнхэм, ди мэсхьэби, ди тафсири, ди фикъхьи тІэщІэлъу, Іуэху зэхэзэрыхьар ІэщэмрэкъарумрэфІэкІа зэрызэхэпхыжын нэгъуэщІ хэкІыпІэ щымыІэу къэтлъытэныр, ди диным икІам, махуищкІэ къимыгъэзэжмэ, ар щхьэпылъэ щІын хуейуэ дыбжыныр - адрей Іэмал псори зыгъэпуд Іиманыншагъэщ, цІыху акъылри, абы и фІэщ хъун-мыхъуным теухуауэ иІэ хуитыныгъэри къызэридмыдзэр къигъэлъагъуэу. Ди Іуэхур Іуэхушхуэщ, ауэ, дауэ мыхъуами, акъылкІэ убгъэдэмыхьэнкІэ Іэмал иІэкъым.

Европэр акъылкІэ бгъэдыхьэри, хэхыныгъэмрэ демократие зэхэтыкІэмрэ хуэкІуащ. Уеблэмэ, нэгъуэщІ щІыналъэ щихьэм и дежи, псори зэдэмыарэзыуэ Іэщэ къагъэсэбэпын щІадзэркъым. Шэхьидхэм я пашэр зауэзэрылІым хэтракъым, атІэ лей щызэрахьэм деж пэж жызыІэфращ.

Алыхьым дунейр пэжым тещІыхьауэ, захуагъэр пщалъэу, абыкІэ Іуэхухэр зэхагъэкІыу къигъэщІащ. Ауэ псапэ щІэныр псом япэ иригъэщащ, уеблэмэ, ар бийр ныбжьэгъу зэрыпщІын Іэмалу къилъытащ. А псапэр пщІэну сыт хуэдизу мыгугъуми, абы къыпэкІуэнур ЩІым зэбиинегъэ къытемынэжынырщ. «НэхъыфІымкІэ бгъэдыхьэ, итІанэ уззбийр ныбжьэгъуфІым хуэдэу хъужынщ».

ФІыщІэ фхузощІ фыкъызэрысхуэгузэвам папщІэ, телефонкІи, ИнтернеткІи къыслъэІэсурэ гуауэр къыздэзыгъэпсынщІахэм - ар Тхьэр къызэрытхуэупса хьэлыфІхэм ящыщщ. Си нэщхъеягъуэр зыхэзыщІа дэтхэнэми фІыщІэ хузощІ, игу сыкъызэрыкІа къудейм щхьэкІэ - Алыхьым и деж зыри щыкІуэдыркъым.

ДЖЭУДЭТ Сэхьид.

Кавказым ис бзылъхугъэхэр

● ТхылъыщІэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ «Кавказ: женское пространство» зыфІащар. Абы лъабжьэ хуэхъуащ урыс этнограф цІэрыІуэ Карпов Юрэ и «Женское пространство в культуре народов Кавказа» къэхутэныгъэ лэжьыгъэр.



КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ, бзылъхугъэхэм я дуней тетыкІэм теухуа мы тхылъыр Кавказым ис лъэпкъхэм я деж щыяпэ апхуэдэ къэхутэныгъэу зэрыщытыр. Мы къыдэкІыгъуэм кууэ щызэпкърыхащ цІыхубзхэм нэхъ ехьэлІауэ щІыналъэм щызекІуэ хабзэхэр. Кавказым исхэм я щэнхабзэм Іэмал къует цІыхухъумрэ цІыхубзымрэ я зэхущытыкІэм, псэукІэм, политикэм, диным, нэгъуэщІхэми епхауэ зэрызихъуэжым уриплъэну.

Тхылъыр щхъуэкІэплъыкІэщ, Кавказым ис бзылъхугъэ зэхуэмыдэхэм я сурэтхэмкІэ гъэдэхащ. Зи тиражыр 500 хъууэ къыдэкІа мы лэжьыгъэм ІэщІагъэлІхэми щІэджыкІакІуэхэми гулъытэ зэрыхуащІынум шэч хэлъкъым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● «Кабардинка»-р илъэс 80 ирокъу

КъафэкIэ дунейр къэзыхьэхуахэр

1952 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэт. Илъэс 12 фIэкIа мыхъуами, Алэкъей Мухьэмэд тегушхуэри уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым кIуат, яхыхьэну хуейуэ. А зэманым гупым хэтхэр балигъ защIэт, я ныбжьыр илъэс 25-м къыщыщIидзэу. Дауи къащтат щIалэ цIыкIур ансамблым?! «Нобэми ар сэ езым къызгурыIуэжыркъым. Си насып кърихьэкIауэ къызолъытэ. ЗэрыжаIэщи, и зэманым, и чэзум срихьэлIащ. Гупым и балетмейстер Смелянский Леонид си къэфэкIэм еплъати, игу ирихьагъэнт, сыкъигъэнауэ щытащ», - къыддогуашэ Алэкъейр.

Дыщэ медалыр къахьауэ «Кабардинка»-р къокIыж Москва щекIуэкIа ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым. *1957 гъэ*

КъэфакIуэ гупым Шэрэджыщхьэ зыщагъэпсэху. *1956 гъэ*

НЫБЖЬЫЩIЭМ къафэ щхьэхуэхэр зэкIэ имыгъэзащIэми, гупым и гъусэу Кисловодск, Псыхуабэ, Армавир, Ростов, Харьков, Киев, Львов къызэхикIухьырт. Ауэ псом хуэмыдэу а лъэхъэнэхэм фIэгъэщIэгъуэну абы игу къинар Калининградщ. «Зауэм и ужь илъэсхэрати, а къалэм и теплъэм сыкъигъэуIэбжьат. ЦIыхур дэзу дэтт, арщхьэкIэ уни псэуалъэ гуэри къыщыпIэщIэлъагъуэртэкъым. КъызэрыщIэкIамкIэ, цIыхухэр щIыунэхэм щыпсэууэ арат. Зы унэ закъуэ - Офицерхэм я унэр - щыIэти, абы зыкъыщыдгъэлъэгъуауэ щытащ, - игу къегъэкIыж Мухьэмэд. - Гуапэу си нэгу къыщIохьэж 1952 гъэр, Къашыргъэ КIурацэрэ Балъкъэр Зэбитрэ утыку япэ дыдэу къызэрихьауэ щытар. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ адыгэ драмэ театрым а тIум щызэдагъэзэщIа «Къафэр» егъэлеяуэ лъэщ хъуат».

Хуэмурэ къэблэгъащ 1956, 1957 гъэхэр. Сыбыр, Урал, Поволжье, Прибалтикэ, Украинэ, Белоруссие - ансамблым щIэх-щIэхыурэ концертхэр ет. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу илъэсым Мухьэмэд и ныбжьыр 17-м нэблэгъат. Махуэшхуэр зэрагъэлъэпIэнум илъэситIкIэ зыхуагъэхьэзыращ. Ансамблым къищынэмыщIауэ, а Iуэхум къыхашауэ щытащ республикэм щылажьэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэр. ЦIыху 350-рэ Москва ягъэкIуат. Алэкъейм зэрыжиIэжымкIэ, абы щыгъуэ ягъэлъэгъуауэ щытащ Шейблер Трувор и «Нартхэр» оперэ-балетыр. Ар ягъэуват Театр Иным и солист Корин Сергей, Дэшу Хьэшыр, Ленинград щыщ балетмейстер Гальперин Григорий сымэ. Бэтрэзу джэгуар Чехрадзе Дадикот, Сэтэнейр Сосмакъ Валентинэт, Алэкъейм къыхуагъэфэщат Сосрыкъуэ и ролыр. Нэхъ хьэлэмэтратэкъэ, Мухьэмэд къафэу, Сосрыкъуэ и партиер Къашыргъэ Билал игъэзащIэу къызэрагъэпэщат. «Уэрэдыр зэрызгъэзэщIэн макъылъэщ сиIэтэкъыми, апхуэдэ Iэмалым дыхуекIуат», - жеIэ Мухьэмэд.

Совет Армэм и театр (Москва) цIэрыIуэм къыщагъэлъэгъуа а теплъэгъуэхэр куэдым ягу къинащ. А лъэхъэнэм ансамблыр зыхэта Iуэху дахэхэр къызэрыщ сурэтитIрэ видеопленкэ дакъикъитI хуэдэ хъурэ фIэкIа хъума хъуакъым - ар Алэкъейм игу зыгъэныкъуэ Iуэху нэхъ ин дыдэщ. «Япэ сурэтым къыщыгъэлъэгъуар Къашыргъэ КIурацэрэ Ашуров Тэнэхъумрэщ, оркестрым дэщIыгъуухэу. Адрейм Къашыргъэ Билалрэ Лапченкэ Зоерэ «Зэныбжьэгъугъэ» къафэр ягъэзащIэу итщ. Сурэтхэр КъБР-м и архив IуэхущIапIэм щIэлъщ».

Алэкъейр илъэс 20-м иту арат «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыщыфIащам. И ныбжьыр илъэс 24-рэ щыхъуам, абы иIэт «Республикэм и цIыхубэ артист» цIэри. Илъэсих дэкIри, а ехъулIэныгъэхэм къакIэлъыкIуащ «УФ-м щIыхь зиIэ и артист» фIэщыгъэри.

Мухьэмэд хэтащ 1957 гъэм ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалу Москва щекIуэкIам. «Драгъэблэгъами, ипэхэм зыми гулъытэ къытхуищIатэкъым, уеблэмэ Молотовым и цIэр зезыхьэ Москва энергетикэ институтым спортымкIэ и пэшырт хэщIапIэ тхуащIар. МахуищкIэ абы дыщIэсауэ, союзпсо зэпеуэм и программэм дыхагъэхьащ. Абы къыщыхахынут фестивалышхуэм хэтынухэр. Зэхьэзэхуэр екIуэкIри, куржыхэмрэ ермэлыхэмрэ дыщэ медалыр иратащ, къэфэкIэ зэмылIэужьыгъуищ зыгъэлъэгъуа дэ - дыжьыныр къытхуагъэфэщащ. ЩыIэ хабзэхэмкIэ, дыжьын къэпхьауэ фестивалым ухагъэхьэнутэкъым, - игу къегъэкIыж Алэкъейм. - Дыгъэм зедзэгъуэ, тIэкIуи дыкъепэзэзэхуу дыздэщысым, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Къардэн Башир къыдбгъэдыхьэри: «Сыт, фыкъыпиха?», - жеIэри зыкъытхуигъэзащ. Абдеж зыкъыдощIэжри, Корин Сергей къыдогъуэт, «Налшык ущыпсэуакъэ, ди деж ущылэжьакъэ, улахуэ къыщыпхьакъэ, зыгуэр тхуэщIэ», - жыдоIэри и пщэпкъыр доубыд. Дунейпсо фестивалым и къэпщытакIуэ гупым балеринэ цIэрыIуэ Улановэ Галинэ хэтти, Кориныр холIыфIыхьри, Совет Союзым къыбгъэдэкIыу фестивалым хэтыну лIыкIуэхэм дыхагъэхьэ. Къызэрытхущытми занщIэу зехъуэж: хьэщIэщым дыщIагъэтIысхьэ, махуэм щэ дагъашхэ, «Совет Союзым и лIыкIуэхэр» зытет тхылъымпIэри къыдататщи, трамвайри, метрори, троллейбусри - псори пщIэншэщ. Апхуэдэу а зэхыхьэшхуэм дыхыхьа хъуами, иужькIэ ди зэфIэкIыр къалъытащ, лъэпкъыр къызэрытщыгугъ щIыхьри къытхуащIащ. Ди «Къафэм» ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым и дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ. «Сэ куэд си нэгу щIэкIащ, ауэ мыбы хуэдэ къэфэкIэ екIу слъэгъуакъым. Къыу дахэхэр Москва къесылIа фIэкIа къысщыхъуакъым», - жиIат Улановэ Галинэ».

Алэкъей Мухьэмэд и творческэ гъуэгуанэм япэ лъэбакъуэхэр хечэ. *1954 гъэ*

«Нартхэр» оперэ-балетым Мухьэмэд щигъэзэщIащ Сосрыкъуэ и ролыр. *(Москва, 1957 гъэ)*

Мухьэмэд топсэлъыхьыж фестиваль нэужьым ансамблыр гуапэу Налшык къызэрыщрагъэблэгъэжауэ щытами зыгъэпсэхуакIуэ тенджыз Iуфэм мазэ псокIэ зэрагъэкIуами.

ЦIыху гуащIафIэм и гукъэкIыжхэри купщIафIэщ. Псом хуэмыдэу Мухьэмэд дежкIэ лъапIэщ 1958 гъэм ансамблыр Монголием зэрыщыIар. «Хъыбар къыдагъэщIащ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестиваль Москва щекIуэкIам Монголием и лIыкIуэу щыIам ди къэфэкIэр игу зэрырихьар, и къэралми дызэрыригъэблагъэр. ИкъукIэ пщIэшхуэ къыщытхуащIауэ щытащ абы. Мазэ псокIэ дыщыIат Улан-Батор къалэм, Оперэмрэ балетымкIэ Монголие театрым концерт 33-рэ щыттат, - жеIэ артистым. - А зэманым СССР-м и лIыкIуэу Монголием щыIэр Молотов Вячеславт. Абы и щхьэгъусэ Жемчужинэ Полинэ и жэрдэмкIэ, иужьрей пшыхьым Монголие театрым и зы артисткэмрэ сэрэ ислъэмей дыкъыщызэдагъэфауэ щытащ. Нартокъуэ Мыхьэмэтджэрий, Дыкъуэ Заудин, Ульбашев Мутай, Соттаев Къанщауэ, Дэшу Хьэшыр, Къэнэмэт Марие, Лапченкэ Зое, Борий Иринэ сымэ Гоби концертхэр щагъэлъэгъуэхукIэ, дэ а къафэм зыхудагъэгъэхьэзырат... Монголием и Iэтащхьэ Цеденбал Юмжагийни, къэрал къулыкъущIэхэри зыхэта пшыхь екIу, куэдым я гуи къинауэ, зэхэтшауэ щытащ...».

1962 гъэм Алэкъейр армэм дашащ. Совет Союзым и гъэунэхупIэ полигон нэхъыщхьэ Капустин Ярт и къулыкъур щрихьэкIын хуейр, спутникхэр щагъэлъатэ щIыпIэрат ар.

- ТкIийуэ, сакъыу къыщызэгъэпэщат абы лэжьыгъэр, уеблэмэ къулыкъу щытщIэ щIыпIэр ди Iыхьлыхэм яжетIэну дыхуиттэкъым, къахуэтххэм еджэхэрт, - жеIэ Мухьэмэд. - Нэхъ хьэлэмэтыжратэкъэ, илъэсищкIэ армэм сыщыIауэ сыкъыщыкIэ, военкоматым повесткэ къыхуригъэхьат... апхуэдизкIэ щэхуу Кап-Ярым дыщаIыгъати, ящIатэкъым дзэм къулыкъу зэрыщысщIар.

Кап-Ярым офицер хьэщIэщ дэтт. Зэгуэрым зэхэсхащ абы зы полковник гуэр къызэрыщыувыIар, щэнхабзэ IуэхукIэ зэфIэкI зиIэхэр къыхишын мурадкIэ. СыкIуащ абы деж, сыкъызэригъуэтыну адресыр итхри, ежьэжащ. Мазищ дэкIауэ, телеграммэ къысIэрохьэ «ИкIэщIыпIэкIэ Москва укъызэрысын» псалъэхэр иту. Накъыгъэм и 9-м илъэс 20 ирикъурт Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэр къызэрыщытхьэри, абы иращIэкIыну IуэхугъуэхэмСыхагъэтыну арат. Программэр Iыхьэ зыбжанэу зэхагъэувати, си пщэ къралъхьар Кавказ дзэ округым хиубыдэхэм зегъэгъэхьэзырынырт. Абы хэту къыщIэкIащ артист нэхъыфI дыдэхэр. Мазэ псокIэ зызыхуэдгъэхьэзыра махуэшхуэм кIэлъыплъат Брежневри политбюром хэтхэри. Ди къалэныр къызэрыдэхъулIам и щыхьэту СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым Iэпщэ сыхьэт къызитауэ щытащ.

1965 гъэм КъБАССР-м Уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым «Кабардинка» фIащащ. А зэманым абы и художественнэ унафэщIу Гальперин Григорий хахат, балетмейстерыр Ульбашев Мутайт. Алэкъейр армэм къыщикIыжар а илъэсым и кIэхэрт. «Къашыргъэ КIурацэ, Атэлыкъ Аслъэнджэрий, Ашуров Тэнэхьум, Балъкъэр Зэбит, Нартокъуэ Мыхьэмэтджэрий, Дэшу Хьэшыр, Шырыт МуIэед, Мамыщ Къэралбий, Къашыргъэ Музэчыр, Соттаев Къанщауэ, Ульбашев Мутай, Шэру Соня, Къэнэмэт Марие, Лапченкэ Зое, Атэлыкъ Зое, Бэдракъ Лейлэ, нэгъуэщI цIыху гуапэ куэдми садэлэжьащ сэ. Армэ нэужьым сцIыхуу гупым хэтыжар мащIэт: Соттаев Къанщауэ, ДыщэкI ФатIимэ, Чафаров Мишэ сымэт ар, адрей цIыху 50-р щIэуэ къыхыхьа защIэт, - жеIэ Мухьэмэд. - 1960 - 1980 гъэхэм «Кабардинка»-м нэхъ и къару илъыгъуэу щытауэ жыпIэ хъунущ. Ар Совет Союзым и ансамбль нэхъыфI дыдэхэм хабжэрт. Зыкъыщыдгъэлъагъуэрт Москва СпортымкIэ и унэм и Калоннэ, Октябрьскэ пэшхэм... Къытхуихуэрт мазэ зыбжанэкIэ Латинэ Америкэм, Малайзием, Сингапурым, Австралием е нэгъуэщI щIыпIэхэм дыщыщыIэ. Дэнэ дымыкIуами, ди щэнхабзэр зэрытIэтын мурадщ диIар. КIуэкIуэ Валерэ зыгуэр еупщIат: «Сыт уи дежкIэ «Кабардинка»-р? - жиIэри. Жэуапыр кIэщIт, ауэ купщIафIэт: «Ар лъэпкъым и набдзэщ». Илъэс пщыкIутI фIэкIа сымыхъуауэ ансамблым сыкъызэращтам иджыри зы фIыгъуэшхуэ хэлъщ, сыщыгуфIыкIыу. Зэман зэхуэмыдэхэм гупым и балетмейстеру щыта цIыху цIэрыIуэ куэдым я деж зыщызгъэсэну Iэмал сиIащ. Апхуэдэхэт Смелянский Леонид, Мариинскэ театрым и къэфакIуэ пажэу щыта Гальперин Григорий, Дэшу Хьэшыр, Ульбашев Мутай, Багдасаров Михаил, Никаев Ахьмэд, нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэри щапхъэфI схуэхъуащ, дэтхэнэм дежи къысщхьэпэн гуэр къыщысщIат...

Си гугъэщ лъэпкъым и «вагъуэу» илъэс 80 лъандэрэ адыгэм къыдэгъуэгурыкIуэ «Кабардинка»-м фэеплъ хуэбгъэувыну къилэжьу. Осетиным и «Алан»-м, лъэпкъыр зэрыригушхуэр кърагъэлъагъуэу, щIалэрэ хъыджэбзрэ къызэдэфэу, пшынауэр лъэныкъуэкIэ къыщысу фэеплъ дахэ хуагъэуващ. «Кабардинка»-м хуэмыфащэу пIэрэ апхуэдэ?!

Зытхыжар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Аргентинэм и къалащхьэ Буэнос-Айрес 1974 гъэм щыIащ «Кабардинка»-р. Сурэтыр щызытрагъэхар хуитыныгъэм и утырщ.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» иджыри зигъэпсэхурэ?

«Мордовия» (Саранск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:0 (2:0). Саранск. «Старт» стадион. Бадзэуэгъуэм и 7-м. ЦIыху 4000 еплъащ.

Судьяхэр: Попов (Екатеринбург), Гурченков (Жуковский), Еремин (Мэзкуу).

«Мордовия»: Коченков, Божович, Будников (Пономарев, 82), Перендие, Хубутие, Димидкэ, Пазин (Рогов, 67), Иванов (Мухаметшин Рустем, 68). Гаглоев, Луценкэ, Мухаметшин Руслан (Маркин, 75).

«Спартак-Налшык»: Цыган, Засеев, Овсиенкэ, Тимошин, Гарбуз, Руа (Зинович, 90), Чеботару, Коронов, Аверьянов (Гуэщокъуэ, 61), Сирадзе, Медведев (Степанов, 45).

Топхэр дагъэкIащ: Мухаметшин Руслан, 37 - пенальтикIэ (1:0). Луценкэ, 45+4 (2:0). Иванов, 50 (3:0).

Дагъуэ хуащIащ Чеботарурэ Будниковымрэ.

Джэгум къыхахуащ Цыган.

ПЭЩIЭДЗЭ зэIущIэр сыт щыгъуи хьэлъэщ икIи жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ. Ар тIуащIэ ещI гуп нэхъыщхьэр зрагъэбгынагъащIэм и стадионым ущыджэгуным. Апхуэдэ щытыкIэм ихуащ бадзэуэгъуэм и 7-м Саранск зэхьэзэхуэр щыщIэзыдза «Спартак-Налшыкыр».

ЩIыпIэ «Мордовия»-р премьер-лигэм къызэрыхагъэкIыжар саранскдэсхэм я жагъуэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. Абы и щыхьэтщ пэщIэдзэ зэIущIэм цIыху миниплI фIэкIа къызэрымыкIуар. Ахэр къыдихьэхакъым япэ дивизионым мы гъэм щрагъэкIуэкIа иужьрей зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр къыщызыхьа «Спартак-Налшыкыр» къазэрыхуеблэгъами. Мазэ зыбжанэ и пэкIэ къахуэкIуэу щыта ЦСКА-м, «Зенит»-м, «Анжи»-м, «Рубин»-м елъытауэ ар сыт ищIыс жаIагъэнщ. ИкIи щыуакъым - налшыкдэсхэр мыгъэрей зэхьэзэхуэм иджыри хуэмыхьэзыру къыщIэкIащ.

Дауи, «Спартак-Налшыкым» зэпеуэр екIуу иригъэжьэну хуеящ. АрщхьэкIэ узыхуеймрэ пхузэфIэкIымрэ щызэтемыхуэ куэдрэ къохъу. ИджыпстукIэ апхуэдэ щытыкIэм итщ ди командэр. Абы хэту Саранск и «Старт» стадионым къихьахэр зылъэгъуахэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым ейуэ къызэращIэфын щыIэтэкъым - аргуэрыжьу, «Спартак-Налшыкым» зы цIыху закъуи хэттэкъым ди щIыпIэм щыщу. А Iуэхугъуэм, дауи, ди пщIэр иIэткъым икIи мызэ-мытIэу абы иужьрей илъэсхэм дытепсэлъыхьащи, къытедгъэзэжынкъым.

И гугъу тщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр къэралпсо утыкум щахъумэну щыгугъыу къызэхуашэсахэм къагъэлъэгъуа джэгукIэм. Ар, щабэу жытIэнщи, къемызэгъщ. КIэух бжыгъэм тепщIыхьмэ (зэIущIэр телевиденэм и зы каналкIи къагъэлъэгъуакъым), «Спартак-Налшыкым» иджыри Тыркум и тенджыз Iуфэм зыщигъэпсэхуу къыпщохъу, тхьэмахуэ и пэкIэ абы къикIыжа пэтми.

Пэжщ, 0:3-уэ къызэрыхагъэщIам судьяхэми хэлъхьэныгъэфI хуащIащ. ПенальтитI зэкIэлъхьэужьу кърагъауэу уи гъуащхьэтетри джэгум къыхахуа иужькIэ, адэкIэ узыщыгугъыщэн щыIэжкъым. А псоми шэч хэлъкъым. Абы щыгъуэми хэт жызыIэфынур Iуэхур зэлъытар судьяхэм я закъуэу? А упщIэм жэуап тэмэм щигъуэтыфынур джэгугъуэ зыбжанэ дэкIа иужькIэщ. ИкIи деплъынщ, къыхуаутIыпщ мылъкур зэрагъэмэщIам къыхэкIыу гупыр игъэлъэщыну Iэмал щIагъуэ зрамыта, уеблэмэ зи футболист нэхъыфIхэр зыкIэщIаша Шыпш Тимур адэкIэ къигупсысыфынум, зэрыхуа щытыкIэ гугъум къызэрикIынум. Нэгъабэ хуэдэу, «Спартак-Налшыкым» япэ дивизионым увыпIэ лъагэ щиубыдыфынущ, ауэ иджыри къыздэсым зэрекIуэкIым хуэдэу хамэ защIэкIэ ар зэхагъэувэнумэ, стадионым къыдэщIыну къакIуэ мин зытIущри фIэкIуэдыжынкIэ шынагъуэ щыIэщ. Iуэхум псэщIэ хэлъхьэн хуейщ икIи ар зыхузэфIэкIынур зыщIрагъэх хъужыкъуэмэ пхуэгъэукIытэну, жэуапым пхуешэлIэну адыгэ, балъкъэр щIалэхэрщ, атIэ ахъшэ нэхъыбэ къыщезытым къыщыщIидз хамэхэракъым. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, «Мордовия»-м и гъуэм дэтар мазэ и пэкIэ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтету щыта Коченковырщ. Адрейхэри нэхъ щIагъуэкъым - я Iуэху къыщикIым къыщыщIидзынущ. ИкIи ахэр зыкIи пхуэгъэкъуэншэнукъым.

- Судьяхэр хьэдэгъуэдахэу лэжьащ. Абыхэм даукIауэ аращ. Япэу ди гъуэм кърагъэуа пенальтимкIи етIуанэмкIи сыарэзыкъым. Ахэр щыIакъым. Ерыщагъ ин зыхэтлъхьэу адрей зэIущIэхэм Iэмал имыIэу дыщытекIуэну дыхущIэкъуну къытхуэнэжу аращ, - жиIащ зэIущIэ нэужьым Шыпш Тимур.

Япэ дивизионым и нэхъ адыгэ командэ дыдэу джэгугъуэ кIуам щыташ Нэзрэн и «Ангушт»-р. Ингушхэм я щIыхьыр яхъумащ ди щIалэщIэхэу ДыщэкIымрэ КIыщымрэ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым хэт адрей командэхэм ирагъэкIуэкIа пэщIэдзэ зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Динамо»** (Санкт-Петербург) - **«Арсенал»** (Тулэ) - **0:1**, **«Уфа»** (Уфа) - **«Алания»** (Владикавказ) - **2:1**, **«Енисей»** (Красноярск) - **«Ротор»** (Волгоград) - **1:4**, **«Шинник»** (Ярославль) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:1**, **«Газовик»** (Тюмень) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **1:0**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Торпедо»** (Мэзкуу) - 2:1, **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Салют»** (Белгород) - **0:0**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэкIуэкIынущ. Бадзэуэгъуэм и 13-м абыхэм кърагъэблэгъэнущ Нижнекамск и «Нефтехимик»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

«Спартак-Налшыкым» къэбгъэрыкIуэ.

● ФСБ-м къет

Фадэ нэпцIхэр зыщэхэр яубыд

УРЫСЕЙМ ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакIуэхэм зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыщIэкIэ фадэ нэпцIхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы къегъэщIылIа щIыналъэхэмрэ щызыщэхэр къыщIагъэщащ. Ставрополь крайм и гъунапкъэм нэсауэ, хабзэм и хъумакIуэхэм кърагъэувыIащ хьэлъэзешэ автомашинэ лъэщу тIу. Абыхэм «Хеннесси», «Хортица», «Парламент» дамыгъэхэр зытет фадэ нэпцIу куэд итт.

КъызэрыщIэкIамкIэ, апхуэдиз фадэ нэпцIыр Краснодар крайм щащэн папщIэ яшэу арат. Узыншагъэм и дежкIэ шынагъуэ зыпылъ фадэр къатхьэкъуащ. Иджыпсту зыхуэфащэ материалхэр ягъэхьэзыр, уголовно Iуэху къызэIуахын папщIэ.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ищIащ* Щомахуэ Мариannэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.178 ● Заказ №1772